ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№51 (24.021) ● 2020 гъэм накъыгъэм (майм) и 7, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Путин Владимир щІыналъэхэм я унафэщІхэм къалэн ящищІащ ягъэува мардэхэм къытекІыжыным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр зэхалъхьэну

УФ-м и Президент Путин Владимир щІыналъэхэм я унафэщІхэм дыгъуасэ пщэрылъ ящищІащ коронавирусым пэщІэтыным хуэунэтІауэ ягъэувауэ щыта мардэхэм къыззрытекІыжыну щІыкІэхэм теухуа Іэуэхуэр махуэ гъунэгъуэхэм яубзыхуну.

Видеоэзэпыщ1энытэ Іэмалхэр къагъэсэбэпу ирагъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

КъЭРАЛЫМ и Унафэщ1ым къ1ухигъэщащ а мардэхэр Іухьжыным епІэщІэкІыным «икІэкІэ дидзыжынкІэ» зэрыхъунур.

«ЩІыналъэ псоми я Іэтащхьэхэм зыфхэзогъбаззэ икІи фигу къызогъэкІыж, федеральнэ центрым и чэнджэщхэр къэфлъыгъэу, накъыгъэм и 11-м и ужькІэ фызытетыну мардэхэр махуэ гъунэгъуэхэм зэхэфлъхьэн зэрыхуейр», - щІыжи1ащ Путиным экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ защІэгъэкъуэным теухуауэ нэхъ пасэу зэхалъхьаэхэр гъэзэщІа зэрыхъум теухуауэ дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм.

Абы щІынальэхэм я Іэтащхьэхэм ягу къигъэкІыжащ «ІэмалыншэкІэ зэрыува мардэхэм хуэм-хуэмурэ къикІа зэрыхъунум теухуа я Іуэху еплъыкІэхэр, чэнджэщхэр накъыгъэм и 5-м ирихьэлІэу къыхалъхьэн хуейуэ зэрыщытар. «Къэрал Советым и лэжьакІуэ гупым щыгъуу Правительствэмрэ «Роспотребнадзор» Іуэхущ1апІэмрэ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэр ирагъэкІуэкІащ», - къыхигъэщащ Президентым.

Абы щІынальэхэм я Іэтащхьэхэм ягу къигъэкІыжащ «ІэмалыншэкІэ зэрыува мардэхэм хуэм-хуэмурэ ауэ мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым и дэтхэнэ щІыналъэми езы щІыпІэм щыІэ щытыкІэр зи лъабжьэ, Іэщ1агъэлІэхэм я еплъыкІэхэр щІэзэпэльыта Іуэхуэхэм ар тегъэпсыхьауэ щытыным», - къ1ухигъэбелджылы1ащ къэралым и Унафэщ1ым.

Абы апхуэдэуи къ1ухигъэщащ коронавирусым ехьэлІа мардэхэр нэуфЫц1ыщхьэрыуэу, епІэщІэкІыу Іуахыжным щытыткІэ мыхъумыщІэ къыдэкІуэнкІэ зэрыхъунур.

«Коронавирусым ехьэлІауэ къэралым и щІыпІэхэм щыІэ щытыкІэхэр зэхуэдэкъым, ящыныкъуэхэм мардэхэм адэкІи щытетын хуей хъунущ, уеблэмэ ахэр нэхъри щыщІэкъуэлъхьэхэри яхэтщ, нэгуэщІ хэкуэхэм щытыкІэр щыейкъыми, абыхэм ґащІэр хуэм-хуэмурэ и пІэ щигъэувэжыныкмкІэ Іэмалхэм уегупсыс хъунущ. Абдежми Іэщ1агъэлІхэм, щІэныгъэлІхэм я чэнджэщхэр Іуэхум къыщыхъ1ыщтапхъэщ. Щ1ызэпэшчын хуейщ апхуэдэ лъэбакъуэм къыдэкІуэнкІэ хъунур», - жи1ащ Путин Владимир.

Цыхухэр нэхъапэм яІа псэукІэм зэрыхуэзэшам гупЫуэрЫуэщ, ауэ абы фІэкІа нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ уимы1эу, узыфэр зэрытекІуэтам щыхьэт техъуэ тегъэщІапІэхэр щымы1эу вирусым дызригъэува мардэхэр Іуахыжынкыр къэбгъэхъу хъунукъым. «Щытыкі1эр зэтес мыхъужауэ яп1э уиІьадэ хъунукъым, сыт хуэдэ мысакІынигъэми, Іуэхум епІэщІэкІынми кІыдэкІуэнкІэ хъунущ апхуэдизрэ дызэлІэлІар кІыззэтрикъутэжу диІуэтыжынырэ. Сыт хуэдэ щІуагъэ я нэхъ цІыкІу дыдэми уасэшхуэ щІэттынкІи хъунущ - ар ди цІыхухэм я шынагъуэншагъэрщ, я ґъащІэрщ, я узыншагъэрщ», - къ1ухигъэщащ Президентым.

«Правительствэм щыщхэми, щІынальэхэм я унафэщІхэми унафэ къ1ущащтэкІэ, жэуапльныгъэшхуэ яхэпІу Іуэхум бГъэдыхьапхъэщ. Ар зы1ыщ1ымыгъэгъэгъупщэ», - захуигъэзащ Президентым зэІуущІэм хэтхэм.

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш лэжьыгъэхэр къыззрыщыззрагъэпэщым теухуа зэІущІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видеоэзэпыщІэныгъэ Іэмалхэм тету дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ республикэм мэкъумэш лэжьыгъэхэр щегъэжьыным теухуауэ щыта зэІущІэр. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэмрэ Іуэхур зэхьэлІа министерствэмрэ я унафэщІхэр, щІыналъэ, къалэ округхэм я администрацхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬ Іуэхум и щытыкІэр зэпкърихыу докладэ ищІащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Сыжажэ Хьэсэн. Абы къыхигъэщащ адрей иль1эхэм ельытауэ ґъатхэр мы гъэм зэрынэхъ куабэм икъ иткІэ губгъуэ лэжьыгъэхэм нэхъ пасэу зэрыщІадзар икІи яубзыхуэ лэжьыгъэхэр и пІалъэм къызэритІасэр. Нэгъабэ ельытауэ сэгъуэр нэхъ псынщІэу йокІуэкІ. Ар щызэфІагъэкІащ гектар мин 209-м, ар мардэм и процент 90 мэхъу. 2020 гъэм ґъавэр гектар мин 282-м трасэну трауэщащ. ЕужьэрэкІыу йокІуэкІ жыгхэр хэсэнри, а лэжьыгъэр гектар 1200-м щызэфІэкІащ (я мурадам и проценти 104,3-рэ мэхъу). Апхуэдэуи агрохимие Іуэхуэхэри ирагъэкІуэкІ: щыгъэпшэрхэр халъхьэ, узыфэхэмрэ удз ежьужьхэмрэ зэребэнхэр къагъэсэбэп, къэкІыгъэхэр уэм щыхъумэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэми я нэІэ тетщ.

ЖьлэхэмкІэ, я нэхъыбапІэкІэ ди къэралым къыщагъэхъуауэ, ирикъуу къызэгъэпэщащ, мэкъумэш техникэуи, минеральнэ щыгъэпшэрэи, гъэсыныпхъэри зыхуэныкъуэм хуэдиз иІэщ республикэм.

Коронавирус узыфэм зыщиубгъу мы лъэхъэнэм мэкъумэш Іэнатіэм и Іуэхущ1апІэхэмкІ щытетщ санитар-эпидемиологие щытыкІэм ипкъ иткІэ ягъэува мардэхэм.

Ґьатхэ губґъуэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр накъыгъэм ику пщІондэ зэфІагъэкІыну я мурадщ.

ЩІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэм я дежкІэ икъукІэ щІэгъэкъуэнышхуэщ къэралыр мыльукуІэ къаззрыдэІэпыкъур. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІ и министерствэм къызэритымкІэ, мэкъумэш-промышленнэ комплексым зыщІэгъэкъуэнымрэкъуажэщІыпІэхэм зегъэужьыным трагъэкІуэдэну бюджет мылъкуу хухахар мы гъэм процент 13-кІэ нэхъыбэ мэхъу икІи абы сом меларди 2,3-рэ хуэзэу яубзыхуащ. Абы апхуэдэу къызэщІеубыдэ инженер инфраструктурэм зегъэужьыныри, кІуэажэхэм я теплъэхэр егъэфІэкІуэнри, къашта щІыкъуэхэм техъэ процентхэр тыжынри, иль1эс куэдкІэ къэкІ къэкІыгъэхэр хэсэнымрэ аэр зехьэными, кІуэажэдэсхэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэнри.

Іуэхущ1апІэ мыинхэм зыщІагъэкъуэн мурадкІэ къы1ах лэжьэн щІэзыдзагъащІэ фермерхэм, унагъуэ фермэхэм, кооперативхэм зэрадзІэпыкъуну, апхуэдэуи кІуэажэхэм кооперацэм зыщегъэужьыным хуэунэтІа грантхэмрэ субсидиехэмрэ къызэрыдахыну тхьапхэр. Іэщ ґъэхъуным елэжьхэм апхуэдэ тхьапхэр къы1ахын щІадзэнущ накъыгъэм и кІэм къыщыщІэдзауэ.

ЩІыналъэм щІэхъуэу щытепсэльыхьащ республикэм хуэмыщІауэ щыпсэу унафэщІхэм защІэгъэкъуэным хуэунэтІа лэжьыгъэр зэрекІуэкІым.

Мы зэманым ирихьэлІэу КъБР-м Лэжьыгъэмрэ щІыхухэм социальнэ и Іьэныкъуэкіэ къащхьэщыжьынымкІэ и министерствэм и къудамэхэм, муниципалитетхэр, дин лэжьакІуэхэр, хьэрычэтыщІэхэр я щІэгъэкъуэну, апхуэдэуи «Медициндэ лэжьакІуэ-волонтёрхэр» Урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъеенигъэм и щІыналъэ отделеным, Урысейпсо щІыхуб фронтым КъБР-м щиІэ Іуэхущ1апІэм я пІыкІуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу унагъуэ хуэмыщІахэм, зи закъуэу псэу жьыкІэфэкІэхэм, зи щхьэ Іуэху зезымыкъуэжьфэм хуаашащ ерыскъыпхъэхэр зэрыль Іыхьэ мин 60 хуэдиз. Щ1ыналъэм и Іэтащхьэм фІыщІэ яхуищІащ а Іуэху щхьэпэм хэта псоми.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщІалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубґъум щыкІэлъыплъыныкмкІэ и Оперативнэ штабым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус уз зэрыщІалэр къыщымыгъэхъунымрэ абы зэрызиубґъум щыкІэлъыплъыныкмкІэ и Оперативнэ штабым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм ґъатхэпэм и 13-м къыдигъэкІа Унафэ №29-РГ-мкІэ къмщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн, абы мы къыкІэлъыкІуэхэр хэґъэхьауэ:

Амщыкъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэ» Союзым и унафэщІыр *(зэґурыІуауэ)*

Хьэжу В. Ш. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я зэгухьэныгъэ» лэжьапІэ зытхэм я щІыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэґурыІуауэ)*

2. Мы Унафэм къару егуэт абы Іэ щы1эзэдза махуэм щеґъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм накъыгъэм и 1-м
№48-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыґъэхэр ятыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЗыІэрагъэхьа ехьулІэныгъэхэмрэ иль1эс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етын

Баккуев Эльдар Сафар и къуэм - «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» щІэныґъэ нэхъыщхьэ щґагъэґуэт къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм управленэмкІэ и кафедрэм и профессорым;

Гайдамак Ольгэ Виктор и пхъум - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм кґъегъэщІыла «ПсэупІэ политикэмкІэ и департамент» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм и Іуэхуэр зэкІэлъыгъэкІуэнымкІэ и къудамэм и лэжьакІуэ пажэм;

цІэ лъапІэхэр яфІэщ1ын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»

Нэщ1эпыджэ Маритэ Нэфихь и пхъум - «ЩІыналъэхэм зздай, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм еІэзэным хуэщІа сымаджэщ» узынащґъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и участковэ дохутыр-терапевтым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Къущхьэ Масирэт Темболэт и пхъум - «Дзэлыкъуэ щІыналъэм лэжьыгъэмкІэ, щІыхухэм Іэнатіэ яІэнымрэ социальнэ къащхьэщыжьынымкІэ и центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№51-УГ

«ЩІэуэ къьжьа коронавирус уз зэрыщІалэм (2019-nCoV) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зыщемыгъэубґъуным нэґъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыґъэувыным икІи абы хуэґъэза зи чэзу Іуэхуэхэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм ґъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныґъэхэр хэлъхьэн:

а) 2.2 пунктым:

япэ абзацым хэт «2020 гъэм мэлыжьыхьым и 20 пщІондэ» псалъэзэр зэхъуэкІын «санитар-эпидемиологие щытыкІэр ефІэкІуэжьыхукІэ» жи1эу;

ехаиэ абзацым «ЩІэуэ къьжьа коронавирус уз зэрыщІалэм (2019-nCoV) зэрызиубґъум къьхэкІыу цІыхухэр абы щыхъумэным теухуа зыхуэфащэ санитар-эпидемиологие щытыкІэхэр Урысей Федерацэм и щІыналъэм къыщызэґъэпэщыным ехьэлІауэ зэфІэґъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №239-м и 4-нэ пунктым хэт «ж» подпунктым» псалъэхэр мыпхуэдэу зэхъуэкІын «ЩІэуэ къьжьа коронавирус уз зэрыщІалэм (2019-nCoV) зэрызиубґъум къьхэкІыу цІыхухэр абы щыхъумэным теухуа зыхуэфащэ санитар-эпидемиологие щытыкІэхэр Урысей Федерацэм и щІыналъэм къыщызэґъэпэщыным ехьэлІауэ зэфІэґъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №239-м и 3-нэ пунктым хэт «ж» подпунктым» псалъэхэмкІэ;

б) 2.6 пунктым «г» подпунктыр щыґъужьи, мыпхуэдэу иту:

«г) цІыхухэм зэрыбауэ я Іэпкъльэпкъхэр зэрахъумэж Іэмэпсымэхэр (нэкІуІупхъуэхэр, респираторхэр) яІупльн хуейщ жьлаґуэу транспортым, таксим щискІэ, сату щІыпІэхэм, апхуэдэуи зи лэжьыгъэ къызэтрамыґъуэвыІа Іуэхущ1апІэхэм щыкІуэкІэ.»;

в) 6-нэ пунктыр мыпхуэдэу къхъыи:

«6. Цыху куэд щызэхуэс щІыпІэхэм я лэжьыгъэр къызэзыґъэпэщ юридическэ лицохэм, хьэрычэтыщІэхэм, абыхэм сату щІыпІэхэм, жьлаґуэ транспортрэ таксискІэ цІыхухэр къешэкІыным си лэжьыґъэ теухуахэри яхэту, я къалэнщ:

инфекцэр укІыным пыщІа Іуэхуэхэр и чэзум ирагъэкІэжІыну;

ягъэлажьэхэм зэрыбауэ я Іэпкъльэпкъхэр зэрахъумэж Іэмэпсымэхэр (нэкІуІупхъуэхэр, респираторхэр) къраґъэґъэсэбэпыну.»;

г) гуэдзэн №1-р мыпхуэдэу къхъыи:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм ґъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къыдигъэкІа Указ №50-УГ-мкІэ зэхъуэкІныґъэхэр зыхалъхьам) и ГУЭДЗЭН №1

ЦІыхур Іэмал имыІэу зыхуей хъу, ерыскъыпхъэу щымыт хьэпшыпхэр

1. ЦІыхум зэрызихъумэж Іэмэпсымэ щхьэхуэхэр
2. Инфекцэр зэрауКІэхэр
3. Антисептикэхэр
4. Іэрылъэщі псыІэхэр
5. Іэрылъэщі ґъущхэр
6. Дыху сабыныр
7. Сабныжьыр
8. Дзэ зэралъэщі пІастэр
9. Дзэ зэралъэщі щеткэр
10. Псыынэм къыщагъэсэбэп тхылъымпІэр
11. ЦІыхубґъэхэм къагъэсэбэп цІыкІуфэкІуэхэр
12. Зэрыжьыщ1э порошоккэр
13. Сабий пхэщІэдзхэр
14. Сеныčхэр
15. Шэху уэздыґъэхэр
16. Сабий цІынэхэм я хъыданжэрумэхэр
17. Сабий шампуныр
18. Сабийхэм я щІыфэхэр къимылъэлъын щхьэкІэ къагъэсэбэп кремхэр
19. Сабий цІынэхэр зэрагъашхэ птулъкІэ цІыкІухэр
20. Бжьэфхэр
21. Автомобиль гъэсыныпхъэр
22. Дизель гъэсыныпхъэр
23. Газ гъэсыныпхъэр (компримированнэ щІыуэпс газыр, пІащІэ яща щІыуэпс газыр, пІащІэ яща углеводород газыр)
24. Псэущхьэхэм къыхуагъэсэбэпхэр (псэущхьэхэм я шхынхэмрэ хущхъуэхэмрэ хэту».
2. Мы Указым къару егуэт абы Іэ щы1эзэдза махуэм щеґъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№50-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «ЩІэуэ къьжьа коронавирус уз зэрыщІалэм (2019-nCoV) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зыщемыґъэубґъуным нэґъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыґъэувыным икІи абы хуэґъэза зи чэзу Іуэхуэхэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм ґъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІныґъэхэр хэлъхьэн:

а) 2.2 пунктым:

япэ абзацым хэт «2020 гъэм мэлыжьыхьым и 20 пщІондэ» псалъэзэр зэхъуэкІын «санитар-эпидемиологие щытыкІэр ефІэкІуэжьыхукІэ» жи1эу;

ехаиэ абзацым «ЩІэуэ къьжьа коронавирус уз зэрыщІалэм (2019-nCoV) зэрызиубґъум къьхэкІыу цІыхухэр абы щыхъумэным теухуа зыхуэфащэ санитар-эпидемиологие щытыкІэхэр Урысей Федерацэм и щІыналъэм къыщызэґъэпэщыным ехьэлІауэ зэфІэґъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №239-м и 4-нэ пунктым хэт «ж» подпунктым» псалъэхэр мыпхуэдэу зэхъуэкІын «ЩІэуэ къьжьа коронавирус уз зэрыщІалэм (2019-nCoV) зэрызиубґъум къьхэкІыу цІыхухэр абы щыхъумэным теухуа зыхуэфащэ санитар-эпидемиологие щытыкІэхэр Урысей Федерацэм и щІыналъэм къыщызэґъэпэщыным ехьэлІауэ зэфІэґъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м къыдигъэкІа Указ №239-м и 3-нэ пунктым хэт «ж» подпунктым» псалъэхэмкІэ;

б) 2.6 пунктым «г» подпунктыр щыґъужьи, мыпхуэдэу иту:

«г) цІыхухэм зэрыбауэ я Іэпкъльэпкъхэр зэрахъумэж Іэмэпсымэхэр (нэкІуІупхъуэхэр, респираторхэр) яІупльн хуейщ жьлаґуэу транспортым, таксим щискІэ, сату щІыпІэхэм, апхуэдэуи зи лэжьыґъэ къызэтрамыґъуэвыІа Іуэхущ1апІэхэм щыкІуэкІэ.»;

в) 6-нэ пунктыр мыпхуэдэу къхъыи:

«6. Цыху куэд щызэхуэс щІыпІэхэм я лэжьыґъэр къызэзыґъэпэщ юридическэ лицохэм, хьэрычэтыщІэхэм, абыхэм сату щІыпІэхэм, жьлаґуэ транспортрэ таксискІэ цІыхухэр къешэкІыным си лэжьыґъэ теухуахэри яхэту, я къалэнщ:

инфекцэр укІыным пыщІа Іуэхуэхэр и чэзум ирагъэкІэжІыну;

ягъэлажьэхэм зэрыбауэ я Іэпкъльэпкъхэр зэрахъумэж Іэмэпсымэхэр (нэкІуІупхъуэхэр, респираторхэр) къраґъэґъэсэбэпыну.»;

г) гуэдзэн №1-р мыпхуэдэу къхъыи:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм ґъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м къыдигъэкІа Указ №50-УГ-мкІэ зэхъуэкІныґъэхэр зыхалъхьам) и ГУЭДЗЭН №1

ЦІыхур Іэмал имыІэу зыхуей хъу, ерыскъыпхъэу щымыт хьэпшыпхэр

1. ЦІыхум зэрызихъумэж Іэмэпсымэ щхьэхуэхэр
2. Инфекцэр зэрауКІэхэр
3. Антисептикэхэр
4. Іэрылъэщі псыІэхэр
5. Іэрылъэщі ґъущхэр
6. Дыху сабныр
7. Сабныжьыр
8. Дзэ зэралъэщі пІастэр
9. Дзэ зэралъэщі щеткэр
10. Псыынэм къыщагъэсэбэп тхылъымпІэр
11. ЦІыхубґъэхэм къагъэсэбэп цІыкІуфэкІуэхэр
12. Зэрыжьыщ1э порошоккэр
13. Сабий пхэщІэдзхэр
14. Сеныčхэр
15. Шэху уэздыґъэхэр
16. Сабий цІынэхэм я хъыданжэрумэхэр
17. Сабий шампуныр
18. Сабийхэм я щІыфэхэр къимылъэлъын щхьэкІэ къагъэсэбэп кремхэр
19. Сабий цІынэхэр зэрагъашхэ птулъкІэ цІыкІухэр
20. Бжьэфхэр
21. Автомобиль гъэсыныпхъэр
22. Дизель гъэсыныпхъэр
23. Газ гъэсыныпхъэр (компримированнэ щІыуэпс газыр, пІащІэ яща щІыуэпс газыр, пІащІэ яща углеводород газыр)
24. Псэущхьэхэм къыхуагъэсэбэпхэр (псэущхьэхэм я шхынхэмрэ хущхъуэхэмрэ хэту».
2. Мы Указым къару егуэт абы Іэ щы1эзэдза махуэм щеґъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 30-м
№51-УГ

COVID-19 узыфэр зэуалІэхэм щеІэзэ сымаджэщхэм я лэжьакІуэхэр пІалъэкІэ щыпсэунущ

«Кхъужьей хадэ» зыґъэпсэхупІэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек пщэрылъ зэращищІам тету, «Кхъужьей хадэ» санаторэм и унэхэм ящыщ зыр, щыхуи 150-м ятещІыхьауэ, хуэзрагъэпэщащ коронавирус узыфэ зэрыщІалэр зыпкърытхэм щеІэзэ сымаджэщхэм щыІэ дохутырхэмрэ медициндэ лэжьакІуэхэмрэ пІалъэкІэ щыпсэуным икІи лэжьапІэ нэужьым зыщагъэпсэхужьным. Апхуэдэ унафэм лъабжьэ хуэхъуар COVID-19 узыфэр зэуалІэхэр нэхъыбэ зэрыхъурщ икІи абы ипкъ иткІэ я лэжьыґъэм къыхашэ медициндэ гупхэм я бжьґъэми зэрыхагъэхъарщ.

«ДИ МЕДИЦИНЭ лэжьакІуэхэр, вирусым пэщІэтыныкмкІэ къалэныншхуэ дыдэхэр нобэ си пщэ къыдэхуахэу COVID-19-р зыпкърытхэр зыґъэхьужхэр щыткІэ къыззрымыкІуэ итщ. Ахэр псэкІи къарукІи гуґъу йоль. Абыхэм я лэжьыґъэр тэмэму зэтеухуауэ щытыныкмкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ я зыґъэпсэхуґъуэ зэманыр сыткІи зыхуей хуэзауэ къызэґъэпэщыныр», - жи1ащ КІуэкІуэ Казбек. Абы республикэм и дохутырхэмрэ медициндэ лэжьакІуэхэмрэ фІыщІэхуэ яхуищІащ я къару емыблэжу зэрылажьэм, яхэлъ къэмыпэнджагъэм, я Іэзаґъэм папщІэ.

КъБР-м къыбґъэдэкІыу Федерацэмкіэ Советым хэт Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкІэ, медициндэ лэжьакІуэхэм нэхъ пасэу хухахащ «Синдика» хьэщІэщыр. ЩІыналъэм и Іэтащхьэм сенаторым фІыщІэ хуищІащ апхуэдэ ґулъытэм папщІэ, республикэм къызэрыдэІэпыкъум щхьэкІэ.

Instagram социальнэ сетым щиІэ напэкІуэщІым республикэм и Унафэщ1ым КъБР-м и цІыхухэр къащ1ыхуриджащ, щытыкІэм и ґуґъуаґъыр къалъытэу, зыґъэпсэхуґъуэ махуэ зэкІэлъыкІуэхэм сакъыну: «Си хэкуэґъу лъапІэхэ! Мы махуэхэм наІуэ къащІынущ узыфэм зиубґъуныр зэрызэтеІыґъэ щІыкІэр. А махуэхэр дэ зэрыдґъакІуэм куэдкІэ елъытауэ щытынущ узыфэм зэрызиубґъу псынщІагъэр зыхуэдэнур. Іэщ1агъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, узыфэм цІыху нэхъыбэ щІызэщІищтэм и щхьэуасґъуэ нэхъыщхьэу щытыр зэІыхьлыхэр зэрызэкІэлъыкІэрщ. Абы къыхэкІыу хэкуэгъуэ фыкъыхуэоджэ накъыґъэ махуэхуэхэр зи ґъусэу фыпсэу фи Іыхьлыхэм фрагъусэу фи унагъуэхэм щыґъэкІуэну. Іэмал зэрИэкІэ нэхъ мащІэ фщІы фи ныбжьэґъуэхэмрэ благъэхэмрэ фаІущІэнри. Псори фыузынщэну! Зыфхъэмэж!», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ К. В.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

НОБЭ

●Радиом, связым и Іэнатіэ псоми я лэжьакІуэхэм я махуэщ. Ар щагъэлъапІэ Урысейм, Армением, Белоруссием.

●Урысей Федерацэм Іэщ1кІэ Зэщ1эуэдэ и Къаруэр къыщыззрагъэпэща махуэщ. 1992 гъэм УФ-м и Президентым Іэ щІидзащ Урысей Федерацэм ЗыхъумэжныґъэмкІэ и министерствэмрэ Іэщ1кІэ Зэщ1эуэдэ и Къарухэмрэ къызэґъэпэщыным теухуауэ.

●УФ-м и Дзэ-Тенджыз флотым радиотехникэм пыщІа и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

●Къэзахъстаным щагъэлъапІэ Хэкум и хьэмакІуэм и махуэр

●1755 гъэм зэхэтащ Москва университетыр къызэрызэуахым теухуа гуфІэґъуэ дауэдапщэкэр. Иджыпсту ар Ломоносов Михаил и цІэр зезыхьэ Москва къэрал университетыщ.

●1780 гъэм Екатеринэ ЕтІуанэм Санкт-Петербург ириташ а къалэм хуриґъэщІа гербыр.

●1895 гъэм урыс инженер Попов Александр яп1э радиоприемник къиґупсысащ.

●1927 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и яп1э нэтынхэр эфирым иґьакІуэу щІидзащ.

●1934 гъэм РСФСР-м и1э хъуащ щІыналъэщІэ - Еврей автономнэ областыр.

●1936 гъэм къызэрагъэпэщащ Москва Кремлым и Комендатурэм и Президент полкыр.

●1985 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ фадафэхэм, фадэ Іэрыщ1 щ1эзыґъэжьхэм еБэныным теухуауэ.

●1985 гъэм Налшык Хэку зауэ орденым и яп1э нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.

●1990 гъэм КъБР-м и Адыґэ Хасэ жьлаґуэ зэґухьэныґъэр къызэрагъэпэщащ.

●Урыс композитор, дирижёр, зи Іэдакъщ1экІэхэр цІыхухэм нобэми яфІэтелъыджэ **Чайковский Пётр** къызэралъхурэ илъэси 180-рэ ирокъу.

●Индием щ1ыщ тхакІуэ, жьлаґуэ лжьакІуэ цІэрыІуэ, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща **Тагор Рабиндранат** къызэралъхурэ илъэси 159-рэ ирокъу.

●Совет усакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Заболоцкий Николай** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

●Мэкъумэш щІэныґъэхэм я кандидат, КъБР-м щ1ыхь зиІэ и агроном **Чэґьэду Владимир** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

●Адыґэ Республикэм щ1ыщ мэкъумэш1ыщІэ цІэрыІуэ, Социалист Лэжьыґъэм и ЛІыхъужь **Инэмыкъуэ КІунац** къызэралъхуаґэ илъэс 80 ирокъу.

●Филологие щІэныґъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

●КъБР-м щ1ыхь зиІэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къудей Владимир** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

●«Адыґэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ **Дыщ1кІ Соня** къыщалъхуа махуэщ.

●Сурэтыщ1 **Пщ1ыхьэщІэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уфаэу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градус 11 - 12 щ1ыхьнущ.

Зыґъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуэщ1ыгъэ:

Хамэ ахъшэ зепхьэмэ, уи жьпыр гъуанэщ.

Лыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым

**Гъатхэ къэс догъэлъапIэ Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьар. Мы гъэм ар илъэс 75-рэ ирокIуэ. Аруэдэиз илъэс бжыгъэкIэ дыпэIэщIэщ зауэмрэ ажалымрэ, гузэвэгъуэмрэ лъыгъажэмрэ. Нобэрей дуней хуитыр къызыпэкIуэ зауаем хэкIуэдащ зи щIалэгъуэ, зи псэугъуэ куэд. НэщIэпыдджэхэ я щIалэ зыбжанэ 1942 гъэм фронтым Iухьащ я хэку яхьумэжыну, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэзыгъэзэжар зы закъуэщ - НэщIэпыджэ Яхья и куэ Атхъэмщ. Жылэдэсым пщIэ къыхуащIрэ жьымщIэмрэ щIэмрэ я чэнджэщэгъуэу илъэс 90-кIэ псэуа Атхъэм Iуэхугъуэ купщIафIэхэмкIэ гъэнщIа гъащIэ зэпэщ кьигъащIащ. Коллективизацэр, Хэку зауэшхуэр, зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъуэр пщIэрэ щIыхьрэ пылъу кьызэринэкIащ Атхъэм икIи къэралым кьыщрахьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхуми и гуащIэ хилхьэху къэлпсэуащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Атхъэм 1908 гъэм щIышылэм и 5-м Къэхъун къуажэм къыщIалъхуащ. ПэщIэдзэ щIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, пасэ дыдэу лэжьыгъэм пэрыхьащ, колхозым хэтащ, 1941 гъэм Совет Армэм играджэу, экъуэмщэ бригадэмрэ мэл фермэмрэ учётчикыу щылэжьащ.

1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м Аруан щIынальэ военкоматым ираджэ икIи Краснодар крайм щыIэ дзэ лагерым ягъакIуэ. Зауэм и мафIэмрэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм я щыфэлIыфэмрэ Атхъэм ягъэ щигъэнэхуар Калинин фронтращ, абы 44-нэ артиллерие полкым хэту щызэуащ. Зауэм и дыджкIи щызыхищIащ абдеж, уIэгъэ хъури госпиталым щIэпIащ. КIыхьэпIэуэжаз нэужь, аргуэру фронтым Iуохьэж, аргуэру зэхуэу гуащIэхэм хэтщ. А лъэхъэнэм мызэ-мытIэу псэзэпылъхьэпIэ ихуащ Атхъэм адрей ди сэлэтхэм я гъусэу. ИтIани ахэр, зауэлI къэмыланджэт, я Хэкум и къумакIуэу къэуварт, абы кьару нэрымылъагъу кьахилъхьэрт.

Атхъэм зыхэт фочаув батальоным унафэ кьыхуащIащ яхьумэ щIыпIэм пэгъунэгъу зы къуажэ хуит кьащIыжьын хуейуэ. Танкхэр я щыблэIэшу жьлэм дыхьащ ахэр, фашистхэм ебгъэрыкIуэу. Нэмыщхэм кьуажэкIэм зыщагъэбыдат. Зэхэуэ гуащIэ зэхаублащ. Мывэ сэрэйм зыкъуэзыгъэпсыкIуа фашистхэм я гупемётышэхэм хэщыныгъэшхэ кьратырт дыдейхэм. Абы щыгъуэм НэщIэпыджэм унафэ кьыхуащI бийр хигъэщIэну. Гупсысэ зэтеубыдарэ хахуагъэ мыкIуэщIэр зыхъэл Атхъэм зы дакъикъи кьикIуэтакъым, и унафэ щIэт гупым я кьару псори зэщIигъэIуэри, бийр хигъэщIащ, кьуажэр хуит кьищIыжащ. А зэхэуэм кьыщигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ абы кьыхуагъэфэщауэ щытащ «Хахуагъэм папщIэ» медалыр.

Харьков областым щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэмкIэ псэзэпылъхьэпIэ щихуат Атхъэм. Великий Бурлук кьуажэм ди полкым фашист кьхъулъатэхэр кьыщытеуащ. Зыр зым кIэлъыкIуэу биишэхэр кьательаIэрт ди сэлэтхэм. Нэмыщхэм лагъымхэр кьадзырти, дунейр щэкъуэзэт. АпхуэдэI зыр кьыщыIэм Атхъэм идэри, кьуэ куум дэхущ. ЗыкъыщыщIэжам кIысфI хуат, зэхэуэри ужьхыжьжат. Кьытехуа уIэгъэм игъэдзэжми, къэруу иIэр зэхилъхэри, жьлэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ иунэтIащ, совет зауэлIхэм яхуэзэжьын мурад иIэу. АрщхьэкIэ ахэр а щIыпIэм щылэжьтэкъым...

Зи частым кьыкIэрыхуа зауэлIхэр зэкIуалIэ пунктым кIуэри, артиллерие частым хагъэхьащ. Абы хэту зэхуэу кэдым лIыгъэ щызэрихьащ НэщIэпыджэм. Псом хуэмыдэу Днепр псым и Iуфэхэм дежь щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэм гугъуехь кэд пылъащ икIи цIыхушхуэ яфIэкIуэдащ. А щIыпIэр ягъэбыдэн, Днепрыр зэрыпхъуакIуэхэм Iэщ щамыгъэхьан папщIэ совет сэлэтхэм ящыгъакIуэхэр зауэ гуащIэр нэхъ тKIий дыдэу щытахэм ящыщу кьыхэнащ дунейпсо тхыдэм. Атхъэми жилэжьрт абдеж щагъуэта хэщIыныгъэмрэ езым и щхьэ кьрикIуамрэ зыхуэдар. Ди сэдежкIи гурыIуэгъуэщ зауэ губгъуэм ита лIы хахуэхэр кьызэрихьэлIэжа щIыналъэм и теплъэр щIагъуэу зэрыщымытар. Зауэм и кIэр зэхдагъэщ жьыхуагъэрт, зауэлIэм кьымыкIыжа-хэм хуэщIыгъуэ унагъуэхэмрэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъута, ягъэса, яфыщIа щIыналъэмрэ гъащIэщIэм хуэгъэхьэзыырын хуейт.

Зауэм къаридза удыныр хьужьгъуафIэтэкъым, итIани, совет щыхубэр зылI и быну зэкъуэувэри, зэгъэпэщхьныгъэ пэжжьагъэм щIадзащ. Гугъут абыхэм кьапэщIылъ кьаIэныр, зэман кIэщIым кьуриубыдэу зэфIагъэувэжьын хуейт нэмыцхэм зэтрагъэсхьа кьуажэхэмрэ кьалэхэмрэ, зэхакъута заводхэмрэ фабрикхэмрэ. Псом кIэ игъэщIынхэт щыхуэхэр зыгъашхэ мэкъумэш IэнатIэр зэтеуцожьынщ.

НэщIэпыджэ Атхъэм кьыщалъхуа жьлэм дэлъ гуэзвэгъуэр нэхъ мащIэтэкъым. Къэзырысыжу ар пэрыуващ щIыхубэм я гущIэр зэтегъэувэжьыным. ЯгъэщIыкIэ ар трактор-мэкъумэш бригадэм и учётчикыу ягъэуващ. Зауэм и гуащIэгъэм щхьэмыгъазэу хэта, псэзэпылъхьэпIэ куэд кьыззэшынэкIа, зауэлI губгъуэм зи ныбжьэгъу куэд щыщIэзэлъхьэжа Атхъэм хуэзэфIэкIащ а псор и псэм дигъахуэу, занщIэу лэжьыгъэм хьэхьэкин. Арыншауи хъунутэкъым, псэууэ кьэнахэм ядэIэпыкъунхэ хуейт. Дзэм хэмыхьэ щIыкIэ абы кьищIа лэжьыгъэм и пIалъэмрэ езым и дуней тетыкIэмрэ хуабжьу кьыхуэсэбэпыжащ а лъэхъэнэм. ЦIыхуэхэр кьызэщIэгъэуIуэнэм, абыхэм гъуазэ яхуэхъунэм, зи дуней еплъыкIэ зэтекъуэ гуп кьызэгъэпэщIынэм, ахэр лэжьыгъэ гугъуэм тегъэгушхуэнэм ехьэлIауэ Атхъэм и зэфIэкIым хуэдэ гъэупытIуейт. Апхуэдэу зыбжанэкIэ зэфIэкIышхуэхэр иIэу лэжьащ зауэ нэужь лъэхъэнэ гугъум. ИужькIэ ар Къэхъун сельпом и унафэщIу, бригадиру, совхозым и парт комитетым и секретару, Къэхъун кьуажэ советым и Iэтащхьэу, завхозу, «Къэхъун» совхозым и складым и унафэщIу, «Красный Октябрь» колхозым и къэзыбж-къэзыпщынэ комиссэм и Iэтащхьэу, садым и бригадиру лэжьащ. Зы махуи Iуэхуншэу, лэжьыгъэншэу щысакъым лIы хахуэр.

Илъэс 60-м нэблагъэкIэ лэжьыгъэм пэрытащ Атхъэм, кьулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр иIыгъыу. Кьуажэдзэхэр кьыхуагъазэкIуэ псэуащ, IуэхукIэ, псальэкIэ, гуапагъэкIэ зыльэмыIэса зыри яхэттэкъым абы. IэнатIэ иIыгъыу кьыдзэгъэгурыкIуэхэми, пенсэ ныбжьым нэсу тIысыжа нэужь зыщIыхуахэми жаIэжьрт ар гъащIэм хуэIуцу, Iуэхум хуэшэрыуэу, цIыхум хуэгуапэу, хэкум хуэпэжу, кьызыжьхIам хуэфащIэу зэрыщытар. НэгъуэщIуи хуэзэфIэкIынутэкъым абы, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, и гур кьабзэт, диныр и гум илът, пэжым и тельъхьэт. Илъэс 20-м щIигъукIэ кьуажэ ефэндыуэ лэжьащ пенсэ кIуа нэужь, абы щыгъуэми цIыхухэм я арэзынигъэ махуэ кьэс кьилэжьу псэуащ.

Сыт хуэдиз гугъуэрэ и нэгу щIэмыкIами, лэжьыгъэшхуэ и пщэ кьыдэмыхуами, Тхьэр гъащIэ купщIафIэкIэ зыхуэупсахэм ящыщт Атхъэм. Льэпкъ нэхъыжьу зи жьэгу дэса НэщIэпыджэхэ иригушхэт Хэку зауэшхуэм и ветеран, лIыгъэшхуэ зыхъэл, гупсысэ куу зиIэ дадэм. Абы и псальэр щалIытэрт дэтхэм унагъуэми, пщIэ ин хуащIыт. Гукъеуэрэ гуныкъуэгуэрэ зэрылъ зы унагъуи гулыитэншэу кьиргъанэртэкъым, псоми я Iуэхур яхуэзэрищэзэ я жьантIэдэст, и псалъэ Iущхэр псоми гъащIэ яхуэхъунт.

1998 гъэм дунейм ехьжащ нэхъыжьыфIыр. ЛIыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым жаIэ. Атхъэм и жьэгур ноби ужьыхакъым. И къуэ Замир зыдзэ пщIантIэр иджыри хьэщIэ кIуэлIэщ, нэхъыжьыфIым и фэеплъыр щахъумэрэ нэхъыщIэхэм я зэхуэзаплIэу. Абы и къэз Залымджэрий унагъуэ хьужащ, адэщхуэм и фэеплъыр игъэпэжу ягъэпсыкIыным яхэтщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.

75

Нэхъыжьыфlым и щапхъэр

● ДифI догъэлъапIэ

Аруан щIыналъэм хьыхь Псынабэ къуажэм щыпсэу Жылэ Хьэутий ХьэкIашэ и къуэр лэжьыгъэшхуэ зи щIыбагъ къыдэлъ, жылагъуэм пщIэрэ щIыхьрэ щызиIэ нэхъыжьыфIэм ящыщ. «Псынабэ» совхозым и лэжьакIуэ пашэхэм халъытэу IэнатIэр езыхьэкIа Жылэм и сурэтыр илъэс куэдкIэ илъащ ЩIыхь пхъэбгъум. Мэлыжьыхьым и 5-м нэхъыжьыфIым и ныбжьыр илъэс 80 ирокIу.

ГУАЩIЭДЭКI лэжьыгъэм и хьэлъагъыр пасэу зыхэзыщIа щIэблэм ящыщащ Жылэ Хьэутий. И адэр ильаГыуххакъым абы: зэуэзэнсэу кIеуэлIа узыфэ бзаджэм ХьэкIашэ унагъуэм ящхьэщичащ, зыпэплъа сабийр дунейм кьытемыхьэ щыкIэ. Хэку зауэшхуэм щIдзэным илъэс фIэкIа имыIэжу, 1940 гъэм и мэлылжьыным, дунейм кьыгъэкIа щIалэ щIыкIур яхэхуащ «зауэм и бынкIэ» зэджэ щIэблэм. А мафIае илъэсхэмрэ абы иужь ита лъэхъэнэ хьэлъэхэмрэ хиубыдащ Хьэутий и сабиигъуэр. Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ иухыу мамыр гъащIэр къэралым щызэтрауIэфIэжа нэужь, Хьэутий школым щIэтIысхащ, хьарзынэуи еджащ. ЦIыхухьу нэхъыжь зэрымыс унагъуэр, и анэр дзэпсычьыкъэгъу зэрыхуейр кьызыгурыIуэ щIалэщIэм школ нэужьым лэжьэн щыщIдзащ жьлэм щызэхэт хозяйствэм и трактор бригадэм. Абы щыгъуэ ар илъэс 16 хъуами арат.

Еджэным кьыщыдэхуэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр губгъуэ лэжьыгъэм пэрыту армырами езыхьэкIыу щыта Хьэутий занщIэу хэзэгъащ Шакъ Жантемыр зи пашэ трактурист гупым. Ар и дэIэпыкъуэгъуэ трактурист IэкIуэлъакIуэ Хьуран Iэмырхъан. Прицепщикым и кьаIэнхэр пщэрыльэ зыхуаща щIалэщIэм ахэр игъэзащIэт кьызыхуэтынщэу, ныкъуэрыбгъэнщэу. Зэ еплъыгъуэкIэ, кьыпфIэщIыкIэ хъунщ прицепщикым и лэжьыгъэм мыхьэнэщхуэ имыIэу. АтIэми ар щыуагъащ. Абы и кьаIэнхэр зэригъэзащIэм ельытащ трактором пыщIа пхъэIэщщэм кьызэригъэдзэкI ваГэбдзумэм и кууугъэр, пхъэIэщщэм и сэхэм я кьабзагъэр. А псоми ельытыжат жылэ зытраса щIыр гъаВэплъ хьунрэ аэр зэдзууэ кьыжэкIынрэ. Дзыхь кьыхуаща IэнатIэр, жэуаплныгъэ зыхихщIэу зыгъэзащIэ Хьэутий мызэ-мытIэу кьыщытхьурт и унэтIакIуэ Хьуран Iэмырхъани, бригадэм хэт адрей трактористхэу Хьэбытlэжь Iэмин, Къэжэр Iэмин, ГуащIэлащIэ Анзор сыми. Абыхэм я Iуэху зэхэкIэр щапхъэ зыхуэхIу, щхьэх зыкуаIэр зымыкIэ щIалэщIэм нэхъыжьхэм кьабгъэдэкI щытхъу псалъэхэм и льэр нэхъри щIагъэкIырт, лэжьыгъэм адэкIи трагъэгушхуэу.

Аруан щIыналъэ псэ хьэлэлу лэжьыгъэр езыхьэкI Хьэутий жьыджэру хэтт техникэм пыщIа зэгъэпщынэгъуэ Iэхухэсми. БензинкIэ лажьэ «ХТЗ» трактору зэрызэпкърылъ пкъыгъуэ псори ищIэрт абы, езым зэпхърыкIыфIэт, зэригъэпэщынагъуэ ар икIи зэпкърилъхьэжьыфIрт. И унэтIакIуэ нэхъыжьым трактороцIэ ирата нэужь, трактористым IэщIагъэм фIы дыдэу хэзэщIыкI хъуа Жылэр хуит ящIауэ щIэтащ трактороныжьымкIэ лэжьэну. Апхуэдэу ар щэсащ жырышьым икIи илъэс 45-м щIигъукIэ абы и «уанэгу исащ», фIыщIэрэ щытхъурэ кьиухуэ.

Зэман дэкIри, трактористым ныбжьыщIэр бгъэдэль зэфIэкIэмкIэ ильэщIыхьэжащ нэхъыжьхьэм. Хьэутий жьыджэру хэтащ совет властым и лъэхъэнэм кьызэрагъэпэщу щыта социалист зэхьэзэхуэхэм, кьэдри абыхэм пашэ щыхьэщ. Къуажэм зы махуэщхуи щеIэкIыртэкъым, абы и цIэр фIыкIэ кьрамыIуэу. Апхуэдэ гуащIэдэкI хьэлэлым хъерышхуэ кьыпэкIуащ. Щхьэхъурт и унэтIакIуэ Хьуран Iэмырхъани, бригадэм хэт адрей трактористхэу Хьэбытlэжь Iэмин, Къэжэр Iэмин, ГуащIэлащIэ Анзор сыми. Абыхэм я Iуэху зэхэкIэр щапхъэ зыхуэхIу, щхьэх зыкуаIэр зымыкIэ щIалэщIэм нэхъыжьхэм кьабгъэдэкI щытхъу псалъэхэм и льэр нэхъри щIагъэкIырт, лэжьыгъэм адэкIи трагъэгушхуэу.

Апхуэдэу псэ хьэлэлу лэжьыгъэр езыхьэкI Хьэутий жьыджэру хэтт техникэм пыщIа зэгъэпщынэгъуэ Iэхухэсми. БензинкIэ лажьэ «ХТЗ» трактору зэрызэпкърылъ пкъыгъуэ псори ищIэрт абы, езым зэпхърыкIыфIэт, зэригъэпэщынагъуэ ар икIи зэпкърилъхьэжьыфIрт. И унэтIакIуэ нэхъыжьым трактороцIэ ирата нэужь, трактористым IэщIагъэм фIы дыдэу хэзэщIыкI хъуа Жылэр хуит ящIауэ щIэтащ трактороныжьымкIэ лэжьэну. Апхуэдэу ар щэсащ жырышьым икIи илъэс 45-м щIигъукIэ абы и «уанэгу исащ», фIыщIэрэ щытхъурэ кьиухуэ.

Зэман дэкIри, трактористым ныбжьыщIэр бгъэдэль зэфIэкIэмкIэ ильэщIыхьэжащ нэхъыжьхьэм. Хьэутий жьыджэру хэтащ совет властым и лъэхъэнэм кьызэрагъэпэщу щыта социалист зэхьэзэхуэхэм, кьэдри абыхэм пашэ щыхьэщ. Къуажэм зы махуэщхуи щеIэкIыртэкъым, абы и цIэр фIыкIэ кьрамыIуэу. Апхуэдэ гуащIэдэкI хьэлэлым хъерышхуэ кьыпэкIуащ. Щхьэхъурт и унэтIакIуэ Хьуран Iэмырхъани, бригадэм хэт адрей трактористхэу Хьэбытlэжь Iэмин, Къэжэр Iэмин, ГуащIэлащIэ Анзор сыми. Абыхэм я Iуэху зэхэкIэр щапхъэ зыхуэхIу, щхьэх зыкуаIэр зымыкIэ щIалэщIэм нэхъыжьхэм кьабгъэдэкI щытхъу псалъэхэм и льэр нэхъри щIагъэкIырт, лэжьыгъэм адэкIи трагъэгушхуэу.

Иджырей щIалэгъуалэм ящыщ куэдым гугъущ къагурыбгъэIуэну ипэжьыпIэкIэ лIыхъужь зыхуэжьыпIэ хъунрэ ар зи къаруи зэфIэкIи щымысхуэ, еш ямыщIэу щыхубэм гурэ псэкIэ яхуэлэжьахэр арауэ зэрыщытыр. Ахэращ я псэ емылэжу гъавэ бэ зыгъэкIахэр, жырыр зыпсычьахэр, псэупIэ унэхэр зыщIахэр, кIэщу жьыпIэмэ, къэкIуэну щIэблэхэм гъащIэ нэху яхуэзыгухуахэр. Апхуэдэжэм ящыщщ Жылэ Хьэутий, Псынабэ къуажэм щызэхэта хозяйствэм абы и гъусэу а лъэхъэнэм щылэжьахэу Къэбардей-Балъкъэрым щыхьэзиIэ и механизатор Индрокъуэ Мухьэмэди, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща Хьэбытlэжь Абдулин, а дамыгъэ льапIэрри юбилей медалри зрата Теувэ Алексеи, нэгъуэщIхэри. А нэхъыжьыфIхэм я щапхъэр зи гъэзугъэльагъуэ щIэблэ узэншэ нобэ кьыдохъуэ Псынабэ къуажэм.

Жылэ Хьэутий и ныбжьыр нэсу пенсэ кIуами, ноби жьыджэру гъащIэм хэтщ. Ар и тхьэмадэщ адыгэ унагъуэшхуэм, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ фIыгъуэр зэрыщIэтыр. И щхьэгъусэ Лёлэрэ (ар Жылэхэ япхъут, и ахърэтыр нэху Тхьэм ищI) абыр рэ бынитху зэдагъэтащ - щIалищрэ хъыджэбзитIрэ. Ахэр псори ирагъэджащ, зэзрыпсэун Iэщагъэрэ щIэныгъэ зэрагъэгъуэтащ, гъащIэм гъэзэгъуэтащ, гъэщIэм гъэзэгъуэтащ. Я адэм хуэдэу щIым йолэжь щIалэхэм я нэхъыжь Чэмалрэ нэхъыщIэ Уэлийрэ. Агроном Iэзэм яритыфыну чэнджэщхэм хуэдэщ щIэлэжьам я дежкIэ Хьэутий и ущиежэр. Адэ гумызагъэр, адэшхуэ щабэр жьыджэру йолIалIэ кьыщIэхъуэ щIэблэм лъэпкъ гъэсэныгъэ дахэ егъэзгъэтынми. Хьэутий и кьэрыпльхьэрэ бгъу мэхъури, дэтхэнэри ирогушхуэ я дадэ цIэрыIуэм, мамыр лъэхъэнэм лIыхъужьыгъэ зезыха нэхъыжьыфIым. Жылэхэ я жьэгу пащхьэм и къумакIуэм и махуэшхуэмкIэ гуапэу йохъуэхъу абы и унагъуэм щIэс псори. Дэри ди гуапэщ ди Аруан щIыналъэр, Жылэхэ я лъэпкъыр зэрыгушхуэ Хьэутий ХьэкIашэ и къуэм узынщагъэ быдэ иIэу, быным, абыхэм я быныжьхэм я насып ильэгъу иджыри кьэдрэ псэуну.

СЭХЪУРОКЪУЭ Асир.

Джабэ нэкIур и фэеплъу

«Кавказ Ищхъэрэм и урысей сетхэр» компанием и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм иджыблагъэ зэфIигъэкIащ Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм зыщызыгъэпсэху туристхэмрэ альпинистхэмрэ Iуащхьэмахуэ зэрыдэкI джабэ нэкIуэм ящыщу метр 3500-рэ и лъагагъ щыIэм деж щагъэува ТекIуэныгъэм и мемориалым (Къэбэрдей-Балъкъэрым и Льэпкъ музейм и зы Iыхьэщ) электрокъару ешэлIэным хуэгъэзауэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэ псори.

ТХЫДЭМ кьызэрыхущыжьмкIэ, 1942-1943 гъэхэм бгыжь уардэм и Iэшэлъашэм советыдзэм зэхэуэ гуащIэхэр щригъэкIуэкIащ, Кавказым и кьущхьэщIыб лъэныкъуэм хэмыщ-фашист зэрыпхъуакIуэхэр иримыгъэхьэн папщIэ.

«ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIащ, мемориалым «етIуанэ гъащIэ» идогъэгъэщIэрэщIэж. Ар зэдгъэхъулIэн хьисэпкIэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хыхьэу, дэ энергетикхэм захуэдгъэзащ. Компанием и IэщагъэлIэхэм яхуэзэфIэкI псори ялэжьащ, зи мыхьэнэр льагэу куэдым къальытэ Iуэхущапсэм Фэеплъымрэ щIыхьымрэ я илъэсым кьриубыдэу кьахуэкIуэну хьэщIэхэр ягъэбгъэфIэн хуэдэу», - жиIэ КъэбэрдейБалъкъэр Лъэпкъ музейм и унафэщI Нагуэ Феликс.

Мемориалыр мыин дыдэми (абы и пэщ кIуэцIэр, псори зэхэту, зэрыхъур метр зэбгъуэнатIэ 80-м нысэрыхьэсщ), зэзыгъэльагъуэну щIыхь зиIэ туристхэм, альпинистхэм я бжыгъэр зы илъэсым кьриубыдэу щIыху мини 9-м щIегъу.

Музейм и дапхъэхэм тельъ хьэпшыпхэм яхыболаргъуэ мы щIыпIэм щызэпэщIэувэуэ щыта льэныкъуитIми зэрахьа Iэщагъащэм, зытырагъэха сурэтхэм ящыщу кьагъуэтыжахэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Банк Iуэхуэр

Проценти 6,3-кIэ

«Мэкъумэшбанк» акционер обществэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэм щыIуэ ярет процент 6,3-рэ фIэкIа илъэсым темыхьэу.

«КЪЭРАЛ щIэгъэкъуэныгъэ зиIэ ипотекэ-2020» къэрал программэщIэм тету «Мэкъумэшбанк» АО-м щIыхьэмрэ ухуэныгъэ отраслымрэ дзэпкъыгъуэгъэ ярет. «ПсэупIэ къращэхун папщIэ ипотекэ кредит» унэтIныныгъэм и ставкэр процент 6,3-рэ хъууэ аращ.

Худэчыхыныгъэ (льготэ) зиIэ кредитыр илъэс 30-м нэблагъэкIэ кьепIыж хъунущ, къэпщэхуну фэтэрым и уасэм и процент 20-м щIигъуэр пащIэдзэ взносу хэлпIыкъэмэ. Ставкэ мащIэр щыIэнущ щIыхуэр кьыззэрепIыха пIалъэр икIыж.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм кредиту нэхъыбэ дыдэу зэуэ иратынущ сом мелуани 3. ЛъэIУ тхыльыр щIэпIльхэу щIыхуэр кьепIыж хъунущ 2020 гъэм щажIэгъэгъуэм (ноябрым) и 1 пщIондэ.

«Ди клиентхэм я лъэIуэхэр къэтпльытэри, ставкэр процент 6,3-м нэс кьедгъэхащ. Ди фIэщ мэхъу, къэрал программэщIэм Iэмал кьызэриныгъэр ухуэныгъэ отраслым и зыужьныгъэр ирагъэфIэкIуну икIи езэгъырабгъу уасэкIэ щIыхуэм зэIуэпсэ псэупIэ зрагъэгъуэтыну», - кьыхигъащащ банкым и правленэм и унафэщI Овсянницкий Олег.

Ипотекэ кредит тыныкIэ «Мэкъумэшбанк» АО-р къэралым щыпашэхэм ящыщщ. Мы гъэм и яп кварталым кьриубыдэу сом мелард 278-рэ абы а Iуэхум тригъэкIуэдащ.

ХЬЭТАУИслъэм.

Псыежэх зэпрыкIыпIэ

● ГукъэкIыж

1950 ГЪЭМ, Накъыгъэм и 9 махуэ лъапIэм техуэу, Хэку зауэшхуэм хэту кьэзыгъэзэжа ди адэ Хьэзрат си къуэш нэхъыщIэмрэ сэрэ кьыгъуащхуащ щэрхьтI зыщIэт лъакъуэрыгъажэ. Сэ а тыгъэм икъуэкIэ сыщыгъуфIыкIат.

Ауэ кьэжьыкьыкIэ щIэтрэтыкIми, пщэдджьыкьыкIэ кьыщIэдзауэ жэщ кьыттехуэху, хьэблэм дэс си ныбжьэгъу щIалэ цIыкIуэр ди гъусэу, лъакъуэрыгъажэр кьетпльэфкIырт, зыдгъасэу. Сыт дымыщIэми, ди Iуэхур кьыдэхуэлIэртхьэм: лъакъуэрыгъажэр дэрэгъэ иныIуэу, лъакъуэтегъэуваIэм ди лъакъуэхэр нэсыртэкъым, дыкъежхуэхьрт.

Апхуэдэу гугъу дехьу накъыгъэ мазэр блэкIащ, махуэкIэ Курпыпс дыкъэсу, къаз шырхэр дгъэхьуу. Зэгуэрым къаэхэмрэ Iэщымрэ унэм кьетхуэпIащ, ди дыгъуэпльащ. Пщыхьэщхьэр даущынщт. Зыми ягу къэкIынтэкъым а жэшым ди кьуажэм гуэзвэгъуэ кьыдэхуэну. Зыри пэмыплIауэ, уафэрэгъуэмрэ щыблэмрэ укъагъащтэу уэлбанэщхуэ хьуащ. Сунжэ мэз псыежэх зэпрыкIыпIэм кьыуIэ-чыцэжэ хэпуIу гужьеи. Гъуэу псыдзэр ёхеащ. Курп псыежэхым и зэпрыкIыпIэм телъа лъэшыж закъуэр ятIэпсым икьутэри, Тэрч псышхуэ ткIыжьыкIыну, Курпыпсым метритху-метрикхIэ зыкъэIэтати, псыбэкIэм дэмыхуэжу зэрыпхъуакIуэр Берлин нэс зыхуэкам, зэпрыкIыпIэ куэд зыIыгъэгъам, а Iуэхум и пIалъэ ищIэрти, яхуиГэлъэгъуащ, лъэмыжыщIэр бгы нэхъ теIэтыкIам хуэзэу яГъэувмэ, зэрынэхъкабыльр. КьагуригъэIуащ, Курп зэжах псыбэкIэм зэпрыкIыпIэм деж зыкьыззэрыщIэтыр икIи, псыдзэ кьакIуэмэ, лъэмыжым енькIуэкьуурэ, и лъабжьэр аргуэру зэрыщIилъэсыкIынур, зэрикьтэжьынур. Зэхуэсым кьекIуэIа кьуажэдзэ лIыжьхэми Хьэжпагуэ жиIэр дабыгырт, ауэ кьэдэуакъым, зэрыжаIам хуэдэу ухуэныгъэм щIадзащ.

Ятп махуэм зыльдозрэхэмрэ экскаваторхэмрэ машинэхуэкIэ абдеж кьрашэлIащ, етIуанэ махуэм псыр зэрыжэну бжьамийхэр далъьащ. Апщондэху псыдзэ кььежэкари чэнж хуэжатIи, цIыкьухэри жьэ мамыру я лэжьыгъэ IэнатIэм пэрыувэжащ. Сабийхэр Курп и джабэ лъэныкъуэм дытету, лъэмыжыщIэр зэрадухуэр тфIэрэщIэгъуэну дыкIэлъыплъырт. Ди лъакъуэрыгъажэри зэрытIыгът, зыр тедгъэтIысхьэрэ, адрей тIур абы и бгъуитIымкIэ Iуту кьетшэкIыу. Апщондэдуэ лъэныкъуэм гъунэгъуу декIуэлIэну дышынэрт. Абы гу лъызыта щIалэ нэхъыжьхэм, кьытщIэнэкIэн щхьэусыгъуэкIэ, дытрагъэгушхуэу щIадзащ, джабэ егъэзэныгъуэм, псыдзэр здэжэх лъэныкъуэмкIэ дыкъыщIежэжыну. Дыкъагъэгурэрт псым дынэмысу дыкьаубыдыжьыну. Псыдзэр нэхъ мащIэ хъуами, абы и пIэщIагъыу ехьым тепщIыкIмэ, илъэсищ зи ныбжь сабийр зыуи кьыщымыкIыу ихьыфIнут, лъакъуэрыгъажэри щыIэну. Си ныбжьэгъуэхэм зыми ядакъым. Сэ сызэрыарэзыр щалъагъум, зэхэлъадэри лъакъуэрыгъажэм сытрагъэтIысхьащ, асыхьэтуи зыгуэр яхьыщIэрыэри, джабэм сыкригъэжэхащ. Си лъакъуэрыгъажэм зы псынщIагъ кьищтати, сыштагъэ сыкIийрт: «СыкъевгъэпI» - жыIуэ.

АрщхьэкIэ сыкъэзыуубыдыжыну жызыIахэр шынэкри, зэбгрыкьжаугъэ кьыщIэкIащ. ЯтIэпсэр зрихьэх псыбэкъым сынэсыным метрищI хуэдиз иIэжу арагъэнт, ди гъунэгъу щIалэ МуIэзин, кьэхъур кьыззэрильагъуну, кьыпэщIэхуа зы бжагъэ кьыпхъуатэри, джарэзу си лъакъуэрыгъажэм и шэрхъхэм кьыкIыщIидзащ. Лъакъуэрыгъажэр тIууэ зэпыудри, удзыпIэм сыхэхуэу сэри сыщхьэпридзащ. ГъэщIэгъэную фэбжь зыри згъуэтакъым, ауэ лъакъуэрыгъажэр зэрыкьутар апхуэдизкIэ си жагъуэ хъуати, сызэщIеджэу сыгъырт. Абдеж кьызбгъэщIэдзажащ псори, си гур фIы кьыскуащIыну, псыежэхым сыхэмыхуэу си насыпу сыкъыззэрелар кьызгурагъаIуэу.

АпщIондэху военнэхэм зэрыжаIам хуэдэуи, мазэ зыгъуэм лъэмыжыр зэфIагъэувжащ, екьэжакъэзэ. Ауэ, мазэ зыгъуэ дэкIуэу арат, кьуажэдэсхэр аргуэру псыхъуэм щызэрыхьам. Си адэ ядуэшым и гуп ищIат - СунжэкIэ псыдзэ кьикIри, тхуащIыжа лъэмыжыщIэр трихат, и псыжьэм умыпIагъуэу.

Апхуэдэу щыхъум, Налшык кьалэм нэхъыщхьэхэр кьикIри, кьуажэдзэсыр кьагъэгугъащ Курп псыежэхым зэрызэпрыкIыну лъэмыжмэ, ауэ ящIыну - апхуэдизкIэ щIыхь зиIэ щIалэхэм я щIыналъэм щыIэ лъэпкъ гъэсэныгъэ дахэ ирагъэгъуэтащ. Ди

Къэбэрдей Адыгэ Хасэр илъэс 30 ирокъу

● Нобэ

Ди республикэм ис адыгэ лъэпкъым къыльыкъуэкI Iуэхуэкр дигъэкIыу, хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхм жыдэжру ядэлажьэу, хамэ къэралхэм щикъуэка щэрджэсхэм я Iуэху зытет зригъащIэрэ хэхэс гъащIэр ящигъэпсынщIэн папщIэ ядэIэпыкъуу. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iыхьэ хилъхьэрэ сыт щыгъуи и щIэгъэкъуэныфIу КъБР-м щылажьэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэр къыздэзыгъэгъэпэщрэ накъыгъэм и 7-м илъэс 30 ирокъу.

***КъАХ-р псом япэ лъэпкъыр зэкъуэзыгъэувэ, абы и зыужьыныгъэм хуэлажьэ, и къэкIуэнур зыубзыху, и лъапIэныгъэхэр щIэзыгъэбыдэ зэгуфыкIыгъэ, абы и Iыхьэ зыхуигъэувыжхэм, зэманым къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэм зэрезэгъым, лъэпкъым и хъугъэфIыгъуэхэр хъумэ хъуным зэрыкуэлажьэм тедгъэпсэлъыхьащ илъэс 20 хъуауэ абы и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд.**

- Мухьэмэд, хэкурыс адыгэхэм я зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэм и юбилейуэ щыщыткI, ди зэпсэлъэныгъэм и пэщIэдзэу нобэрей Хасэм и шыфэлIыфэм, абы илэжь Iуэхуэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Адыгэ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэр Налшык къащIызэрагъэпэщащ 1990 гъэм накъыгъэм и 7-м. Абы и Уставым илъэси 6 ипэкIэ дыхэплъэкащ икIи къару зыIэ дэфтэру къэтщтауэ дролажьэ.

КъащIынэмыщIауэ, КъАХ-м и зэхэсысыжхэр илъэситхум зэ идогъэкIуэкI, тщIахэр къащIытпщIэжу, къыкIэлыкIуэ пIалъэм длажьэнухэр щыдубзыхуу, ар зи пщэ дэлъынухэр щыхэтыу. Апхуэдэу Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Х зэхуэсыжхэр нэгъабэ накъыгъэм и 31-м Налшык щедгъэкIыжащ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Парламентым, министерствэхэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къикIа хьэщIэхэр, КъАХ-м къалэхэмрэ щыналъхэхэмрэ щIиэ къудамэхэм я лIыкIуэхэр хэту.

ДызэрыплъыкIа пIалъэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм Iэхуфl куэд зэфIигъэкIащ. Хасэм щIэрыщIэу хихащ лъэпкъым и къэкIуэнум егупсыс, абы игъэпейтей цIыху пэрытхэр. Къуажэхэм, къалэхэм, щIыналъэхэм (районхэм) щылажьэ къудамэхэрэ къигъэщIэрэщIэжыным хуэгъэхьэнкIэ.

- Нобэ Хасэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжхэр сыт хуэдэ?

- Ар куэд мэхъу. Ауэ япэ игъащIыпхъэр, дауи, лъэпкъ зэхэщIыкIыр хьэIэтыжыныр, бзэм, щэнхабзэм зегъэужьныныр, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI хабзэхэр къэгъэщIэрэщIэжыныр, щIэблэр фIым хуэгъэсэныр, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм яку зэгурыIуэрэ пщIэрэ дэлъу щыгъэтыныр, адыгэ лъэпкъ гупсысэм адэкIи зегъэужьыныр.

Ахэр зэдгъэхъулIэн папщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэр Iуэхугъуэ куэд зэфIигъэкIыжынымрэ, Iуэхугъуэ ящIэрэ мамырыгъэрэ зи лъабжьэ Iуэхугъуэхэм къахэзэщIэгъэIуэныр, хабзэр зи джэлэс демократие къэралыр гъэбыдэныр, хамэ щIыналъхэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зекъуэныр зекъэныр, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зекъэныр теуэхуа жэрдэмхэр дэIыгъныным, лъэпкъ Iэпщ1эпащIагъэр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэлажьэныр. Апхуэдэу КъАХ-м мыхьэнэшхуэ ирет икIи Iуэхугъуэ купщIафIэхэр зэфIекI лъэпкъ гупсысэр къэIэтыным, анэдэлъхубзэр, лъэпкъ щэнхабзэр, тхыдэр хъумэным, адыгэ унагъуэм ипЕ лъапIэныгъэхэр щIэзэкIэрэ зэхэмрэ жылагъуэм пщIэ щIэнымк.

КъАХ-р хуэжьджэрщ псапащIэ Iуэхуэкъым. Абы зэрыхъукIэ защIегъакIуэ гъащIэм щытыкIэ хьэлъэ щихуа цIыху щхьэхуэхэм, апхуэдэу гупльэгъэ хэха хуещI зи адэжь щыналъэм къэзыгъэзэжныну хуей ди лъэпкъэгъуэхэм.

А псори зэдгъэхъулIэн папщIэ, хамэ щIыналъэхэм щыIэ лъэпкъ хасэхэм яхуди1э пыщIэныгъэхэр идогъэкIуэ, Iуэрыпуэгъ, литературэ, тхыдэ фэеплъ щIинхэр зэхуэхьэсыжным, абыхэм ятеухуа тхылъхэр къыдэгъэкIыным долэжь, лъэпкъ махуэшхуэхэм епха дауэдапщэхэр, адыгэхэм я щэнхабзэ, экономикэ, политикэ гъащIэм ехьэлIа зэхуэсхэм дыхэтщ. Гулъытэншэ тщIыркъым лъэпкъым и цIыху щэджащэхэр. Абыхэм ятеухуа пшыхьэхэр, зэIущIэхэр идогъэкIуэкI.

Хасэм и щыIэкIэм, зэфIигъэкI лэжьыгъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм хэIущIыIу щыдощI, лъэпкъ щэнхабзэм, гъэздэжьм, литературэмрэ тхыдэмрэ къыдыхьэщ тхылъ щIэхъуэхэр къыдыдогъэкI.

- Адыгэбзэр хъумэнымрэ абы нэхъри зегъэужьынымрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм гулъытэу хуищIыр адрей псоми яхуэдэжкъым...

- Анэдэлъхубзэм епха Iуэхугъуэхэр щIыналъэ, къуажэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт псори зыгъэпытейхэм ящыщщ. Дэтхэнэ лъэпкъыми езыр и тхыбзэ иIэжныр, абыкIэ псэуныр, Iуэху иризэрихьэу дунейм тетыныр фIыгъуэшхуэщ. Зи анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ, абыкIэ зи гупсысэхэр нэгъэсауэ къэзыгъэтэф щIэблэ лъэпкъым къыщIэувэнри мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Адыгэм дбгъэдэлъ псэкупсэ къуленгъым щIэблэр ешэлIэныкIэ, и хабзэр, тхыдэр фIэгъэщIэгъэуну зригъэщIэным хуэгъэпсэ Iуэхугъуэ дахэщ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и япэ проектышхуэхэм ящыщ илъэс 22-рэ ипэкIэ къыхилъхьар - «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэр. Ар КъАХ-м, «Адыгэ псалъэ» газетым, КъБР-м ЛIыкуэр егъэдэжьныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэмрэ я IуэхуэмкIэ и министерствэм зэгъуэгу ирагъэкIуэкI, иджыри дыхэтщ а Iуэху дахэм.

Лъэпкъ гупсысэр зыузэщI педагогикэ гъэнэхьныгъэ хьэпIэкIэт хъуащ зэпеуэр. Анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къэкIуэну щIэблэхэм яхуэхъумэныр, бзэр курыт школхэм зэрыщIадджыр егъэзыкIуэныр, апхуэдэуи а Iуэхуэм хуэлажьэ егъэджакIуэ нэхъыфIхэр наIуэ къэщIауэ Iэпэпэжныр, еджакIуэ зэчиифIэхэр гъэгушхуэныр и кьаIэну дгъэуба а Iуэхуэм зэман кIэщIым къриубыдэу зиузэщIауэ, дэнэкIи зыщIибгъуауэ. Нэхъапэм зэхъэзэхуэм и утыку къихьэу щытар адыгэбзэр езыгъэджэхэрауэ щытамэ, илъэс зыбжанэкIэ уэIэбэкIыжмэ, абы къыкIыу урысыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ езыгъаджэхэри.

Мы зэпеуэм щытекIуа егъэджакIуэхэм я зэфIэкIкIэр мызэ-мытIэу щагъэлъэгъуауэ Москва, Санкт-Петербург, Саранск къэралхэм щекIуэкIа, Анэдэлъхубзэкэр езыгъэджэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэхэм. Адыгэбзэр езыгъэджэхэм ящыщу цIыхубзым къэралпсо зэпеуэм гулъытэ хэха къыщыхуащIащ. Дызыгъэгушхуэ апхуэдэ ехьулIэныгъэхэм щIэдзапIэ яхуэхъуащ КъАХ-м къыхилъхьауэ щыта а проектыр. Щэч хэмылъу, ар ди жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пщIэр къэзыIэт, лъэпкъыр хъума хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэщ.

- Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыхилъхьауэ игъэлажьэ проектхэм дытепсэлъыхьын щыщIэддзэкIэ, адрей и лэжьыгъэшхуэхэм я гугъу къытхуэщI, Мухьэмэд.

- АпхуэдизкIэ ящыщу и цIэ къыпIэу хъунущ. Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм илъэси 6 хъуауэ къыщызэдгъэпэщ «Адыгэ пщащэ» республикэпсо зэпеуэм. Абыхэм хэтакIэщ адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ, гъуазджэмрэ тхыдэмрэ, Iуэрыуатэмрэ литературэмрэ фIыуэ зэхэщIыкII, лъэпкъ шхыныгъуэхэр гъэхъэзырыным хуэIэижь, акъыл жан зиIэ хъыджэбз щэныкфIэ цIыкIуу 100-м щIигъу. Дызэрыт илъэсым едгъэкIуэкIыну ди мурадщ «Адыгэ щауэ» зэпеуэр.

Мыр зыхуэдэ щымыIэ зэпеуэщ. Егъэлея хъунукъым адыгэ пщащэр къызыхэкIам Iуэрафащэу гъэсэныкIэ, лъагъуэ пэж тегъэувэныкIэ институт псо ирикIуу жыпIэмэ. Сыт щхьэкIэ? Ди зэхьэзэхуэм зэ хэта хьыджэбзым адэкIэ и щхьэ Iуэху зэрихуэу дэувэжыркъым, атIэ республикэм къыщалэт нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм хэтщ, адыгэм ехьэлIа пшыхьэм я зэфIэкI щагъэлъагъуэ.

Уеблэмэ я пщащэхэр зэпеуэм щыхуагъэхьэзыр Кэнжэ Щэнхабзэмкlэ и унэм «Адыгэ пщащэ» клуб щаIэщ. Зэпеуэр иуха нэужьи, хэта ныбжьыщIэхэр щызэхэхуэу, илъэ илъэсхэм щытекIуаэр щызэпрагъэщIыхуу, я IэщIагъэкIэ, щIэныгъэкIэ щызэдгъуашэу. Абы и лъэныкъуэкIэ фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ Кэнжэ Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщI Мамий Заретэрэ абы и къуэдзэ, бзылъхугъэ Iущ Балэ Людмилэрэ. Ахэращ зэпеуэм хэтыну хуей пщащэхэр япэу зыIэрыхьэри, иужькIэ гъуэкIэгъэсэн зыхуэхъурэ.

- Къэбэрдей Адыгэ Хасэр Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зы къудамэщ. КъищынэмыщIауэ, ди лъэпкъэгъуэр щыпсэу щIыналъэхэм щылажьэ Хасэхэми быдэу фапыщIащ. Щымыгъуазэ щыIэу къыщIэкIынкъым дуней псом щикъухьэ адыгэхэр зэрыгъуэтынымкIэ, нэхъ гъунэгъу зэхуэхъунымкIэ уэ лэжьыгъэу ебгъэкIуэкIым. Абы ехьэлIа Iуэхуэр дауэ кIуатэрэ?

- Адыгейхэм, шэрджэсхэм, тенджэныж ОIыщIэм и Iуфэм Iус шапсыгъэхэм, мэздэгу адыгэхэм игъэлажьэ апхуэдэ лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, шэч хэмылъу, дапыщIащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэми зы Iуэхуэ къриихьэжьэркъым КъАХ-р хэмыту, уеблэмэ, дэ дызизэрдэмщIакIуэ Iуэхугъуэхэр куэд мэхъу.

Сыт хуэдэ лъэпкъри лъэпкъыу къызэтенэн, лъэ быдэкIэ щытын папщIэ, адрей лъэпкъхэм къахэзыгъэщIэхуэкI гупсысэкIэ, дуней еплъыкIэ иIэн хуейщ. Дэ куэдрэ жыдоIэ адыгэр зы дыхьэжьын хуейуэ, ауэ, дэ дызэрепльымкIэ, япэу зы дызэрыхъужьын хуейр щыналъэкIэкъым, атIэ ди гупсысэкIэмкIэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хэращ зэпэщхьэхуэ щыпсэу, идеологие зэтемыхуэхэм щIапIыкI щIэблэм я дуней еплъыкIэмрэ къэзыхъуреихьэхэм хуаIэ щытыкIэмрэ зэщхьэщымыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Дэнэ щыпIи щыпсэу адыгэхэм зы лъэпкъ гупсысэ яIэным, я Iуэху еплъыкIэр гъунэгъу зэхуэщIыжынымкIэ ехьэлIауэ Хасэхэр дызэдолажьэ.

Зи гугъу тщIыр ДАХ-мрэ КъАХ-мрэ нэхъ дызэгугъуэхэм ящыщ зыщ. ХаситIри гуащIафIэу ядолажьэ адэжь щIынальэм къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъуэхэм. БлэкIа дадоIэпкъуф, властхэм дадолажьэ, дапыщIауэ дыщытащи, дызэгуроIуэри.

- Дэ фIыуэ дыщыгъуазэщ хэкужьыжьымрэ хамэщIымрэ зэпызыщIэ лъапIэуэр пхъызышхэм уэ уаэрыщыщым. Абы щеГъэжьауэ зэи зэпычакъым хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэхуэку щыбухуа лъэмыжыр. Иджырей зэманым КъАХ-р дауэ дэлажьэр хамэ къэралхэм?

- Иужьрей илъэсхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэм драгъусэу дыщыIащ ди лъэпкъэгъуэр нэхъыбэу зэрыс къэралхэм - Тыркум, Иорданием, Израилым, Германием, абыхэм щыпсэу адыгэхэм я псэукIэм щыгъуазэ зытщIащ. Ди кэкуэгъуэхэм я щэнхабзэ гъэпсыгъэныгъэхэм жыджэру дыхэтащ. Налшык, Черкесск къыщыдэкI тхылъэр, газетхэр, журналхэр хэхэсхэм яIэрыдогъэхь. Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм абыхэм папщIэ игъэхьэзыр нэтынхэр къызыдогъэпэщ, «Нарт-ТВ» республикэпсо каналым (Иордание) идогъэхь.

Сириием, Иорданием, Тыркум, Израилым я Адыгэ Хасэхэм я унафэщIхэм даззэригурыIуам я тезыр, иужьрей илъэсым я кэраралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхм я сабийуэ 350-м щIигъу КъБР-м щылажьэ гъэмахуэ лагерхэм зыщедгъэгъэпсэхуащ. КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэм, Мэздэгу къикIа ныбжьыщIэхэм ядолажьэ адыгэбзэм, хабзэм, лъэпкъ тхыдэм хуезыгъаджэ IэщагъэлIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ дахэхэр ядогъэлъагъэ, цIыкIуэр адыгэ унагъуэхэм щыдогъэхьэщIэ. Ди хэкуэгъуэхм я бынхэу Налшык и еджапIэ зэхъыщIыхьэхэм щIэсхэм дакIэлъоплъ, я Iуэху зэтет зыдогъащIэ, ди лэжьыгъэм къыхьдошэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъАХ-м и проект щхьэхуэу илъэс зыбжанэ хъуауэ хамэ къэралхэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм «Адыгэ псалъэм» и журналистхэр хэтщ, газетым ятхыжьым и мызакъуэу, телевиденэмкIэ фильмхэр зыдогъэпсыгъуэж. Апхуэдэу Тыркум, Израилым, Германием илъэс зэхуэмыдэхэм кьитха нэтын гъэщIэгъуэнхэр «1 КБР» телеканалым кьитыжащ, абы Интернеткlэ уеплъ хъунущ. Дяпэкlи апхуэдэ нэтынхэр къыпытщ1ну ди мурадщ.

- Жыжьэми гъунэгъуми, нэхъапэм пыщIэныгъэ зыхуимыIа щыналъэхэми я «бжэр» Iуихьжауэ жыпIэ хъунущ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм. Хэт сымэ иджыри фызыдэлажьэр?

- Дэ запытщIащ Краснодар крайм и Успен щыналъэм хыхьэ Курганыокъуей, Бэчмырзей, ЩIхьэщэхуж къуажэхэм. А жылэхэм щопсэу беслъэнейхэр, къэбэрдейхэр, абазэхэхэр, бжьэдыгъуэхэр. Абыхэм хасэ Iуэхуэкlэ Адыгейми Къэрэшей-Шэрджэсми икIыу зэи зыри яхуэхIыуатэкъым.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм игъэхьэзыращ «Наши знаменитости» серием хиубыда тхылъ зыбжани: адыгэр зэрыгушхуэ цIыху зэчиифIэхэу КIыщокъуэ Алим, Къэшэж Иннэ, Шемякин (Къэрдэн) Михаил, Мащибащ1э Исхьакъ, Темырканэ Юрий, КIыщ Мухьэдин, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр.

Ди проект нэхъ инхэм яхьдобжэ 2005 гъэм щегъэжьауэ къыддэдгъэкI Адыгэ Мазгъэгъэпсэ-щIэнгъэзэр. Ар тIэлпIэ зыщIыр ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр зэрыдигъэщIыхурщ, ахэр къыщалъхуа махуэхэр зэригъэбелджылырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеймэ, Шапсигъым, Москва, Санкт-Петербург, хамэ къэралхэм щыщ, Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьулIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьа ди къуэшхэм, шыпхъэхэм я цIыхэм ущрохьэлIа зи гугъу ещIы махуэгъэпсым. Дуней псом щыцIэрыIуэ цIыхухэм адыгэхэм щхьэкIэ жаIахэм, хэхэс шэрджэсхэм ящыщу зи цIэр жыжьэ Iуахэм, лъэпкъым и пщIэр зыIэта хэкурысхэм ятеухуауэ абы ит тхылъэ кIэщIхэм ар нэхъри купщIафIэ, зыми емыщхь ящI. Аращ махуэгъэпсым щIэнгъэзэкIэ щIеджэри.

Илъэс блэкIахэм КъАХ-м и къэбэрдей-Балъкъэр щыпсэу адыгэ хэхэсхэр», «Дэ куэд щIауэ шэрджэскIэ къыддоджэ», «Иужьрей илъэс 1000-м и цIыху щджащэхэр» гъэлъэгъуэныгъэхэр. Ахэр Налшыки Черкесски я лъэпкъ музейхэм я щIэныгъэгъуащ.

Иджыпсту къыддэкIыным худогъэхьэзыр «Малая адыгская живописная энциклопедия», «Ночь свободы», «Адыгэ цIэрыIуэхэр», «Вечные странники» тхылъхэр.

- Уи фIыр бгъэльапIэмэ, лъэпкъыр бгъэгушхуэу аращ. Абы и лъэныкъуэкIи КъАХ-р зи жэрдэмщIакIуэ Iуэху дахэхэр игъэльапIэ хъуащ адыгэм.

- Апхуэдэхэм ящыщу къыхэбгъэщ хъунущ КъАХ-м къыхилъхьэурэ лъэпкъым и щIэныгъэмрэ лъэпкъым и щIэблэм я щIэныгъэмрэ зэгурыIуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр 2018 гъэм ДАХ-м къыкIыщащ, КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм лъэпкъ лъапIэныгъэу яIэр абы Ставрополь къалэм ящыщ Тыркуем и къалэ щагъэлъагъуэр, дэрэ мызэ-мытIэу а Iуэху дахэхэм дыхэтащ.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм нэмыщI, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Iуэхур сыт щыгъуи пыщIащ щIыналъэ, къэрал, политикэ къулыкъущIапIэхэмрэ IуэхущапIэхэмрэ икIи республикэ унафэщIхэм ядолажьэ, хабзэм къызэригъэувым тету. Абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ лъэпкъ зэныбжьэгъуэгър гъэбыдэныр, зэныкъуэкъуэмрэ щIэпхъэджэгъэхэмрэ къэмыгъэзыкъуным хэлIыфIыныкъыр, жылагъуэр зэгурыгъэIуэныр.

- Мухьэмэд, КъАХ-м иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я гугъу щыпщIкIэ, щхьэхуэу укъытеувыIэн хуейуэ къыщыхъу илъэс куэд ипандэрэ абы и нэIэ щIэту уэ къыддэбгъэкI тхылъхэм. Дунейм къытехьащ, дяпэкIэ къыддэгъэкIыным хуэбгъэхьэзырхэр сыт хуэдэ?

- Ди проект нэхъ инымкIэ - «Черкесика» сериемкIэ - къыщIэддзэнщ. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэт «Адыгэ ЩIэнгъуаэ» институтым, КъАХ-м я жэрдэмкIэ, «Черкесика» сериер духуауэ щытащ. Ильэсибгъуэм а къыддэкIыгъуэм щыщу тхыльи 9 дунейм къытехьащ. Япэ томыр тепсэлъыхьыкIт ДАХ-м и япэ тхьэмадэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ адыгэлI Къалмыкъ Юрэ. ЕтIуанэм итщ Лермонтов Михаил Кавказым, шэрджэсхэм ятириухуа поэмэ 9-р. Адыгэбзэм ахэр кьриГъэзэгъащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубз усакIуэ Ацкъан Руслан. Ещанэ томыр хухахащ абхъаз тхакIуэ Шинкубэ Багърат и «ЖылакIэ» романымрэ Лохвицкий Михаил и «Уафэгъуаэгъуэ макъ» повестымрэ. УрысыбзэкIэщ къызэрыдэкIар Взрокъуэ Владимир и «Амыщ куэдж» романыр, еплIанэ тхылъым ихуар. Етхуанэ къыддэкIыгъуэр Iыпсащ дунейпсо литературэм и классик Хьэткъуэ Умар (Омер Сейфеддин). Новеллэ 34-р адыгэбзэм кьриГъэзэгъащ зэдзэкIакIуэ Iэзэ Сэфэрбий Хьэмид. Къэныкъуэ Анфисэ и «Хьэтхэр» тхыдэ романым хуэхтхащ «Черкесика»-м и еханэ томыр. Ебланэ тхылъым Iэмал кьыдет Лохвицкий Михаил (Аджыкъу Джэрий) и «Уафэгъуаэгъуэ макъым» адыгэбзэкIэ дыкъеджэну. Ари зи фIыщIэр Къэрмокъуэ Хьэмидщ.

«Черкесика»-м хэту зэман гъунэгъум къыддэдгъэкIынущ тхылъ 20-м щIигъу.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм игъэхьэзыращ «Наши знаменитости» серием хиубыда тхылъ зыбжани: адыгэр зэрыгушхуэ цIыху зэчиифIэхэу КIыщокъуэ Алим, Къэшэж Иннэ, Шемякин (Къэрдэн) Михаил, Мащибащ1э Исхьакъ, Темырканэ Юрий, КIыщ Мухьэдин, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр.

Ди проект нэхъ инхэм яхьдобжэ 2005 гъэм щегъэжьауэ къыддэдгъэкI Адыгэ Мазгъэгъэпсэ-щIэнгъэзэр. Ар тIэлпIэ зыщIыр ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр зэрыдигъэщIыхурщ, ахэр къыщалъхуа махуэхэр зэригъэбелджылырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеймэ, Шапсигъым, Москва, Санкт-Петербург, хамэ къэралхэм щыщ, Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьулIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьа ди къуэшхэм, шыпхъэхэм я цIыхэм ущрохьэлIа зи гугъу ещIы махуэгъэпсым. Дуней псом щыцIэрыIуэ цIыхухэм адыгэхэм щхьэкIэ жаIахэм, хэхэс шэрджэсхэм ящыщу зи цIэр жыжьэ Iуахэм, лъэпкъым и пщIэр зыIэта хэкурысхэм ятеухуауэ абы и тхылъэ кIэщIхэм ар нэхъри купщIафIэ, зыми емыщхь ящI. Аращ махуэгъэпсым щIэнгъэзэкIэ щIеджэри.

Илъэс блэкIахэм КъАХ-м и къэбэрдей-Балъкъэр щыпсэу адыгэ хэхэсхэр», «Дэ куэд щIауэ шэрджэскIэ къыддоджэ», «Иужьрей илъэс 1000-м и цIыху щджащэхэр» гъэлъэгъуэныгъэхэр. Ахэр Налшыки Черкесски я лъэпкъ музейхэм я щIэныгъэгъуащ.

Иджыпсту къыддэкIынымкIэ худогъэхьэзыр «Малая адыгская живописная энциклопедия», «Ночь свободы», «Адыгэ цIэрыIуэхэр», «Вечхьэзырри, Блашэ-Псынэ, Кэушхьэблэ къуажэхэм дызэрыщыIар. Абы и пэ къыхуэу «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэмрэ Адыгейми щыщ журналист БрантIы Къазбэчэрэ къэбэрдей жылагъуитIым ятеухуа щIэнгъуазэ тхыгъэхэр ягъэхьэзырри, Блашэ-Псынэ Кэушхьэблэ къуажэхэм дызэрыщыIар. Абы и пэ къыхуэу «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэхэмрэ Адыгейми щыщ журналист БрантIы Къазбэчэрэ къэбэрдей жылагъуитIым ятеухуа щIэнгъуазэ тхыгъэхэр ягъэхьэзырри, Блашэ-Псынэрэ Кэушхьэблэрэ унагъуэу дэсым ди газет къыдэкIыгъуэ зырыз саугъэту яхуэтшэжащ.

Къыхьэщыщыпхъэщ Ставрополь дэт Адыгэ щэнхабзэ Хасэми дызэрыдэIэпыкъур. Крайм и щыхьэрым щыпсэу, щеджэ ди лъэпкъэгъуэр къыдыщIэзыгъэIуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр 2018 гъэм ДАХ-м къыкIыкIащ, КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм лъэпкъ лъапIэныгъэу яIэр абы Ставрополь къалэм ящыщ Тыркуем и къалэ щагъэлъагъуэр, дэрэ мызэ-мытIэу а Iуэху дахэхэм дыхэтащ.

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм нэмыщI, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Iуэхур сыт щыгъуи пыщIащ щIыналъэ, къэрал, политикэ къулыкъущIапIэхэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ я щIэныгъэмрэ я щIэблэм я щIэныгъэмрэ зэгурыIуэ жылагъуэ зэгухьэныгъэр 2018 гъэм ДАХ-м къыкIыкIащ, КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм лъэпкъ лъапIэныгъэу яIэр абы Ставрополь къалэм ящыщ Тыркуем и къалэ щагъэлъагъуэр, дэрэ мызэ-мытIэу а Iуэху дахэхэм дыхэтащ.

Ди лъэпкъым адэкIэ зэрызиужьынум шэч хэлъкъым. ДызэпэщIэувэжкIэ зыри къикIынукъым. Езыхэр зэгурыIуэмэщ сыт хуэдэ лъэпкъми пщIэ щиIэнур, и Iуэху щыдэкIынур, къэралым мамырыгъэ щилъынур. Ар зэдгъэхъулIэн папщIэ ди акъылэгъу псори ди Iэпэгъуу дылъжьэну дыхьэзырщ.

Ди зэпсэныгъэм и кIэухуэу сыхуейт фIыщIэ яхуэсщIыну илъэс 20 хъуауэ къыздэлажьэ, КъАХ-м районхэм, къалэхэм щиIэ къудамэхэм я унафэщIхэмрэ хэтхэмрэ. Адыгэ Iуэхум я гур хуитхъащIыкIауэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэ къытхъэжьэми къытхъуэувэу къыддгъэдэтхэм къызыхэкIа лъэпкъкIи, зыщыщ жылэкIи гукъеуэ ямыIэу, зыужьныгъэмрэ хэхъуэмрэ я Iэпэгъуу илъэс куэдкIэ Тхьэм игъэпсэу.

- Упсэу, Мухьэмэд, Мурад псори нэрылъагъу Тхьэм ищI!

Епсэлъар

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Къэрэгъэш

Кэнжэ

Налшык

Мэздэгу къалэ

Нарткъалэ

Псыгуэнсу

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50-хэм итщ).

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ Уафэбгыкъу и нэлат

- Кърым хъанэр Къэбэрдейм къыфкІэрыхъыжьэр-къэ? - щІоупщІэ Чыдэш Хьэтлатl.

- ЕмыкІущ а иджыпсту жыпІар, Хьэтлатl! Кърым хъанэр зэи зыми кІэрыхъыжьэркъым. Ар Алыхьым и лІыкІуэщ. Псори абы и щІодэІу. Псоми абы и жыІэр тІу ямыщІу, зэхах, - зыгъэгъсарэ къэгубжьаръ къыпхуэмыщІэу зэпеш Зырамыку молэм. Хьэтлатlи щІичэну и мурадтэкъыми:

- Зэхах къудейуэ къэнэжкъым. НэІурыту ялъагъу... псом хуэмыдэу, Іупхьэтыхь адыгэжьи къащытриххэм деж.

АрщхьэкІэ Зырамыку молэр а къаззрыфІэщІым нэхърэ куэдкІэ нэхъ бзаджэхти:

- Зэхэфха, жанейхэ? Зэхэфха къьбэрдей хьэщІэм а жиІар? Ислъамыр къащтащ! Мэжджытхэр яуху. Мыдрисхэр къызэІуах. Сыт щыІэн апхуэдэм нэхърэ нэхъыфІ? «Іэмин!» псоми жыфІэ. Алыхьышхуэу лъагэм и Къулъхуэлэ лъапІэр иджыпсту къзэбжынущи, си ужь ити фэри жыфІэ: «Бисмилляхи рахьмани рахьими...»

- ГукъІуэ дыдэу мэІу, Зырамыку, а жыпІэхэр, ауэ къарыкІыр тщІатэмэ, нэхъ гуакІуэж хъунут... - педзыж абы Хьэтлатl.

- Алыхьышхуэр къыззрытхуэупса ислъам диным хуэмейхэм, Хьэтлатl, абы къикІыр адыгэбзэкІэ жеІэпІэми, къапхуэгурыгъэІуэнукъым. Ауэ тІэкІунитІэ шыІэнныгъэ пхэлърэ, бжьыхьэм Чэбэм хьэжыщІ сыкІуэху зыхуэбгъэшэчыжмэ, сыкьызэрысыжу псалъэ зырызу пхуззздзэкІынщ абы къикІыр!

- Дэнэ жыпІа, Зырамыку, уэдзкІуэнур? Ди жьлэм ущхьэдэплъыхмэ, Кърымыр тыншу зэрыплъагъуэ ещхьу тыншу хьэжри пщІын уи гугъэжу ара? Ара?..

- Хьэтлатl! - аргуэру кІыльуэдэ зещІ Зырамыку.

- Сыт, Зырамыку? - ауан хэлъу щІогуфІыкІ Хьэтлатlи. Елмыщыкъу, Іуэхур кууІуэ зэрыхъужр къыгурыІуэри, хьэщІэхэм яфІэлІыкІыурэ, псалъэмакъэр зыукъуэдия лИтІым япэрыуащ:

- Жанейхэ, хьиим фикІаи нышцхьэбо! Абы нэхэрэ, Хьэтлатl, зы хьыбарыфІ дыщІэгъэдэуи нэхъыфІщ.

Адыгэ хьэщІэщ хъыбарыншэ хуэрэт? Пасэрей таурыхъыкъэри, шыпсэхэри, псысхэзри, гушыІэ хъуэрэхри зэщІэлъу щыбгъуэтынущ хъэщІэщхэм. МакъкІэ къэпІуатэ мыхъун гушыІэхэри уэру къыдокІуэкІ щыхъухъунэ. Апхуэдэхэр щхэуу зэжраІэри, щхэуу зэподыхьэшхыж, бзылъхъугъэхэм я тхьэкІумэ ирамыгъэцыркъэу.

- Хьунщ, Елмыщыкъу, - Хьэтлатl щыжиІэм, гупыр гуфІэу зэщІэужьгъащ. Псори щыгъуазэт Чыдэшыр Іуэрыйуатэ Іущкіэ зэрыкъуІейм.

- Хьыбаритl вжесІэжинщ, тІури псэущхьэхэм ятеухуауэ.

... Зэгуэрым псэущхьэу дунейм тетыр зэхуэсри зэгурыІуэщ щхьэж езыр зэрыхуейуэ - щыпсэуну щыпІэри, игъэззщІну къалэнхэри, зыхуигъэфэщэж хуитыныгъэри иубзыхуну хуиту.

Бдзэжьейр псым хэсынщ. Бажэр хьилэшыуэ щытынщ. Дыгъужьмы, мэзым щыщІэхэзекІуэрэ, псэущхьэхэр зыщигъэшынэнщ. АслъэкІыр, щыгъэ хахьжщ, унафэ къарум и лъэщыр абы ІэщІалъхьэри зэбгрыкІыжынрэ пэт...

Хьэтlатl таурыхъыр адэкІэ иукъуэдиин хунэмысу, Зырамыку зэхихащ бжэщхэзІымкІэ кІиІукІ лъэмакъыр.

- КъэувыІэ. Си гугъэмкІэ, Къалэубэтыпщыр къокІуэ...

- Дапщащ лъандэрэт Чыдэш Хьэтlатl пщыхэм ящы-шынэу къыщиублар? - Елмыщыкъу ауан хэлъу щІэупщІэри: - ЖыІэ уэ, Хьэтlатl, сытыт адэкІэ?

Хьэтlатl къэпсалъэри:

- Уа, ЩэрэлІокъуэ, зи щхьэр зи бгъэгущтальэм изыгъэлъэдзжхэм сащыщу шэч гуэрхэр иджы къызэпщІэкІыж хуэдэ? ЗымыщІэхэм къахэзщхьэпэнщ си таурыхъыр. Аращи... Аслъэнир пщыуэ хахыу жхэщІэнри ягуэшыжа нэужь, Іыхьэхэмыйуу кьадзхуэжат акъылымрэ Іущыгъэмрэ. Гупсысащ псэущхьэхэр. Дэтхэнэм лъысмэ нэхъыфІт иджы а тІур? Аслъэныжьмэ жери:

- Цыхъур икІи Іэмащ1э-лъэмащІащ, икІи гуащІэншэ тІасхъэщ. Абы еттынщ.

- Иумыт! - идэркъым Бдзэжьейм.

- Ар сытым къыхэкІы?

- Цыхъум акъылрэ Іущыгъэрэ зэуІуу Іэрылъхьэ хуэпщІмэ, хы лъащІэми Іэмалкіэ дыкъыщІыхьнщ. Зыри - Аслъэн, уэри - Дыгъужь, уэри - Бажэ, зыми псэупІэ къыдитыжьынукъым итlанэ!

- Хьэуэ. Идот цыхъум акъылымрэ Іущыгъэмрэ. Сэ къарум и лъэщыр сІэщІэлъмэ, ар зэи къзэгъэпІэтІэуэнукъым. Си зы илъыгъущ. Сыхуитщ сэ абы!

Цыхъум жраІащ иратар зищІысыр.

Зэман дэкІри, Аслъэным мэзым зэхикІухьрэ пэт, жыгыр ириупщІыкІыу зы лІыжь цыкІу ІуощІэ.

«Иджьпсту си лІыгъэ зэхэгъэкІыпІэщІ» - жеІэри Аслъэным, еунэтІ лІыжьыр здэлъащэмкІэ. Модрейри, Аслъэныр къызэрилъагъуу дакъэ упщІахуэм тетІысхьащи, зыхуэмыІуБыдыжьу мэдыхьэщх.

- Ущ1эдыхьэшхыр сыт, цІыху цыкІу? Усшхыну сыкъэкІуащ!

- Уи делагъэм сыщыдысхьэшхыу арщ, Аслъэныжь.

- Делафэ къызупІъауэ ара? - мэгубжьыпэ иджы Аслъэныр.

- Уэ пхуэдэу лъэщхэм, уэ уэщхьу лІыгъэ зезыхьэхэм жагъуэгъу сыт щыгъуи я куэдщ. Ар сщІэрти, зы псэ зэрымыкьэфын быдапІэ унэу пхуэзухуэн си хьисэпу, мис, жыг изоупщІыкІ.

- Ара?! - къэуІэбжьауэ мэгуфІэж Аслъэныр. - Ар фІыщ. Мыдэ... уелІалІэу уухуэ а быдапІэр.

ЛІыжьым унэр еухри, Аслъэным дек макІуэ:

- Щ1ыхьэж уи быдапІэм, зиусхьэн. Къызэхэплъыхь уи унэр.

Аслъэныр щІыхум иухуа унэм щІохьэри, зиплъыхьурэ лІыжьым щытхъупсыр къэрегъэжэх.

- Іэбыдэ-лъэбыдэщ. УнэфІщ. УелІэпІащ.

- Мыдэ, уи кІапэр къыщІэмыплъын хуэдэу зы-зэщІэкъуэт! - Аслъэным и кІэр нэхъри зыщІеупщІапэ. Арыххэу лІыжьым бжэр иредзылІэжри, Аслъэныр унэм щІиубыдзурэ: - Уи гуГьат уэ къару уиІэмэ, акъыл ухуэмынЫкъуэну! Дедлажь!

Аслъэныр гъуахъуэрт. Тхьэмыщ1эжьыр гъуахъуэрэ псэущхьэхэм еджэрт, арщхьэкІэ псори гужьейри зэбгрыжати, къыдэІэпыкъун къыхэкІыр-тэкъым: - «Пщы и пщыж Аслъэныим апхуэдэу Іэмалыншэу пэлъэщам дэ хьэуи-цыуи дыкъыщымыкъуІудибубыднущ», - шынэрт псэупІхьэхэр.

Хьэтlатlи, таурыхъыр нитъэсри, щым хьужат. МащІэрэ зиІэжьа нэужь Чыдэшыр аргуэру къэпсалъэри:

- Хьэзгупсысакъым фхуэсІуэтар... Адыгэ хьэщІэщым щызэхэсхауэ щытыгъат зэгуэр.

- Ар щІымыгъужами гурыІуэгъуэт... - таурыхъыр и кІэм нэсыху, Елмыщыкъу хущІэплъу щыса Зырамыку, иджы псоми я цІэкІэ жэуапыр итащ.

- Хэт ищІэрэ, жьыхэсІащ, Зырамыку... Ухуейм?, иджыри зы таурыхъ жысІэжьнщ.

- Сэ сысыт? Ауэ си Аллахьыр, ... молэм щатэурэ зеплъыхьри: - ЖьыІэж уигу пІэпихыр, ауэ уалъэмыІус Ар зигу илъхэмрэ, Абы и фІэщхъуныгъэр зи гъуаэзэхэмрэ.

Миншакъ гъэщІагъэуэрэ щІэдэІурт бысымхэм я зэпсэлъэкІэм. Ар гупсысэрт: «Сыти жыІи, жанейхэр къыззрыгъэкІэхъым. Зы гуІуэуэ яжьІэу псэу нэхьей зыкъытхуащІ. Ауэ щыхъуІкІи, ильэс щищ лъандэрэ (тэтэрхэр Кърымым къызэритыІысхьэрэ) жанейхэр абыхэм щІэ бжьыгъэу щэ зыбжанэрэ къызэхафыщІащ, къызэтрауКІащ, ягъэсыпащ. ИтІани, зы псалъэ щхьэрыуэ я Іупэм кьеКІуэрКъым Кърым хъанэгъуэм ехьэлІауэ. Зэманыр блэкІами, мыхъм ящыгъупщауэ къыщІэкІынкъым, дауи, иджыпсту пщыгъуэр зыІэщІэлъ Къанщауэкъуэ Къалэубэт и адэшхуэ Сибэчрэ беслъэнеипщ Къанокъуэмрэ абаззкэ Дударыкъуэр зыщІагъуу урыс пащтыхь Иван деж кІуаУ зэрыщытар. Адыгэхэр япэ дыдэ Урысейм и лъэІуакІуэ щыхъуар а лъэхъэнэрщ. Абы лъандэрэ кърым сапэ къуанщэр адыгэ псэфыльъэм щІэлъу мэпсэу. ИтІани...»

Къэбэрдей хьэщІэм и гупсысэхэм япхрыплъа нэхъей, Хьэтlатl аргуэру къэпсалъэри:

- Ди псэукІэм къыщхьэщыльъ гуаузмрэ нобэрей пащащэм къыщыщІамрэ даримыпІейтейуэ, мыпхуэдэу дыщІэзэхэсыфкІэ, иджыри зы таурыхъ вжесІэжынщ-тІэ.

... Зэгуэрым псэущхьэхэм япэ щІэльэр гунэджьнышэу гукъыдэмыьж хъуат. Щ1эуупщІакІуэхэр хуэзблэкІыу зигъэсымадждзрт пщым. Бажэм къищынэмыщІа, псэ зыІутыр къакІуэурэ къыщІэупщІат Аслъэным. ХущІэмыхьэу ара Бажэм: дждзкэм яхьихьауэ щІэзыр зэтрихьар кьахихьжьырт...

Пщащджьжьыпэ гуэрым Дыгъужьыр Аслъэным деж щІыхьэрэ:

- Зиусхьэн, псэущхьэхэр апхуэдизкІэ уи узынщагъэм егъэгуауэщхьэуэри, псори щІыхьэ-щІэкІыу зэхэтщ. Зы закъэущ уэ укъызыщІэмыІуэхур. Абы усымаджэрэ пэт езым и щхьэ и къулей зэрехэ.

- Хэт ар? - губжьауэ къолъ Аслъэныр.

- Ар Бажэрщ, зиусхьэн, Бажэрщ, - мэхъуцацэ Дыгъужри.

- ЗезгъэщІэжьинщ сэ а цыплъ Іужажэм! - шынагъуэу Іуэгъуэ Аслъэныр.

А псалъэмакъым щІыІуб нэфыр кІэщІэдэІухьати, Бажэм деж нэсри Іуриджэжащ. Бажэри, пІалъэ къыхимыгъэкІыу, Аслъэным деж къэс.

- Си узынщагъэм япэ ибгъэщауэ ущІэхьэулейр сыт хуэдэ нэгъуэщІ Іуэху? Иджыри къэс сыт укъыщысщІэмыІупщІар?! - хуолъ абы Аслъэныр.

- Уоу, си пщышхуэ! Уэр фІэкІа зы Іуэхуи-дэпъи симыІа! Іэзэгъуаэзу щыІэр къыпхуэзэкъсІухьаи...

- Къэбгъуэта-тІэ си хущхьэгъуэу зыхэлъыр?

- Ауэ сытми къэзгъуэтэ! Дыгъужьхьуэ зэрыпІухуэу уи узыр и пІэ кьиригъэкІынукъым. Сэпсэууэ узынщ зыжьынущ, си пщышхуэ!

Аслъэныр и унафэкІэ Дыгъужьым и фІалъэм къыхалъэфри, пщым хэр хущхьэуэу ирагъэшхащ. Куэд дэмыкІыу, Бажэр мэзым здыпхрыкІым, Дыгъужьым Іуощ1э. Іущ1эмэ сытыт... Щхьэужьжьыр лъакъуищІэ йолъэбыкъауэ. И фІалъэм ираха лейр хэт и бзэм къыпыкІами щыгъуаззт-тІэ Дыгъужьыр. Бажэрти, пІалъ мыхуадзу щІакъуэм и хуогузавэ:

- Сыт мыгъуэ тхьэмыщІкІэжьым мы къыпщыщІар?

- Іей пщІауэ, фІы ущымыгугъ, - жэуап къетыж Дыгъужьым.

Хьэтlатl таурыхъыр щыногъэсым ирихьэлІэу, пщІантІэмкІэ хьэргъэшыргъэ маКъышхуэ къэІукІ. Бжэр къыІуеудри, хьэщІэщым щІэс гупхъолъадэ нобэрей дыгъуэлІхэм ящІщ зы. КІуэрыкІуэм тету а Іыр ЕлмыщыкІу здэщыскмкІэ зедз, бысымым и щІыбагъ къыдоувэри: - ЩэрэлІокъуэ! Уи хьэщІэщ сыщІэтщ. Сыкъэхъымэ!

Уэрщэру зэхэса лІыхэр зэхэзещхъуэн хъуауэ къыщыльъэтащ. Зэрызехьэу хьэщІэщым къызэрыщІэгуащ къьамэ пщІанэхэр зыІэщІэлъ лІы зыбжанэ.

ЩэрэлІокъуэм къыгурыІуат къъхъуар. Ар къэтэджри:

- ФызэтеувыІэт, адыгэхэ! Мыр лъэпкъ хьэщІэщщ. Хабзэр фымыгъэпуд.

- Зыр ящкІащ... Адрейр тІэщІэкІащ... Мыр... Жэмыхьэт, жаней жылэм хьэдэ илъщ...

ХьэщІэхэр, бысымыр, ирамыгъэукІыну лъэІуа дыгъуэлІыр гъунэгъу зыбжанэ я гъусэу хьэщІэщым къыщІэнэри, хьэдэ зэрылъ унагъуэм хэзгъэзвэну щІэкІыжащ жаней хэгъэрейхэр.

- Къыскухэвгъэгъу, си хьэщІэхэ, - жеІэ Елмыщыкъу, щІэкІыжьи ипэ къихуэу, - бысым зэгъ енэщ мызыгъуэгъкІэ сыфхуэхъуэтэкъым. Хэт и гугъэнт апхуэдэ Іуэху къыптлыкъуэкІыну. Кьалэубэтыпщыр - си малъхъэр - кьекІуэкІыну си гугъати... абыи и Іуэху хуэкІуагъэнкъым. Пщэдей ГъуэгУ фыгъехьэжьи ипэ къихуэу, дауи, фыхуэгузэвнущ кІэрыху зиІэ унагъуэм.

- Жьлэм хьэдэ илъщ, Елмыщыкъу. Адыгэ хабзэкъым а гуауэм хуэфащэ гулъытэ хуэдмыщІыныр, - зыхэщІэгъуэу бысымым педзыж Ашабэм.

- Шэч хэлъкъым, - Миншакъ и къэпсалъэм, - Бажэ и къыпсалъэ ара? - Ар щІэрти, ар ящІащкъым. Араух къыщІкІынщ жырым хуэдэу гъащІэм щІипсыхьари.

Хуэм-хуэмурэ спортым итхьэкъупащ икІи курыт еджапІэр щалъхуа щІыпІэм къыщиуха иужькІэ, Орджоникидзе (иджы Владикавказ) кьалэм дэт Осетие Ищхьэрэ къэрал университетым физическэ гъэсэныгъэмкІэ и факультетым щІэтІысхьащ. Абы Іэмал щигъуэтащ остетинхэми хуабжьу фІыуэ ялъагъу икІи екъуІэныгъэ инхэр щІэлъ бэнэкІэ хуитым зыщІыхьуигъэІэзэну. Мыщхьэх къудеймэ, егъэджакІуэ телъыджэхэр и гъунэжт.

Багъэтыным и насып къикІри, пэщІэхуащ Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер Суменов Кармен. А гъэсакІуэ гъуэзэджэм и цІэр фІыкІэ Іуат икІи игъэхъэзырыну хуэзфІэкІат СССР-м спортымкІэ и мастер, зэхьэзэхуэ куэдым щытекІуа бэнэкІуэ лъэрыгъэхьэхэр. Зэрелъэзэрыт, псалъэзу щымыт адыгэ щІалэм тренер губзыгъэм дильэгъуащ зэфІэкІ лъагэ зэриІэр. Ар къызыкъуихыфІ папщІэ щхьэкъыдэІэт имыщІэу зигъэсэн хуейт. Пэжныгъэмрэ гугъуехьэмрэ зэрысабийр щІапІыкІа Леонид абыкІэ къикІуэтынутэкъым.

Псом япэу къакІуэрти, зыщагъасэ пэсым иужь дыдэу щІэкІыжыт Багъэтырыр. Тренерым залымыгъэкІэ ар щыщІихужаи куэдрэ къэхуащ, ащхуэдиз гугъуехьым ирищІыкІыкІэ щыІэу. АрщхьэкІэ, бэнакІуэ щІэрыІуэ хъуну мурад зыщІа щІалэр къызыгъэкІуэтын щІэзтэкъым. Уеблэмэ общежитым щиІэ пэшыр зыгъэсапІэ ищІат. Абы щІэлът и узынщагъэмрэ къаурмрэ зезыгъэужь Іэмэпсымэ куэд икІи аужр увыІэгъуэ имыІэу къигъэсэбэпырт. Апхуэдэу щыт пэтми, фЫ дыдэу ежьэну хуэзфІэкІырт.

А гугъуехь, ерыщагъ псори пщІэнэшу кІуэдакъым. «Буревестник» ДСО-м и Совет Нэхъыщхьэм Пензэ щригъэкІуэкІа чемпионатым Багъэтыр Леонид къыщыхэжаныкІащ икІи СССР-м спортымкІэ и мастерым и мардзкэр япэу щигъэзэщІащ. БэнэкІэ хуитымкІэ килограмм 57-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм домбеякъ медалыр абы щыгъуэм къихьащ. Ар и япэ ехъулІэныгъэ инт.

Осетие Ищхьэрэ къэрал университетым физическэ гъэсэныгъэмкІэ и факультетыр къиуха иужькІэ, Багъэтырыр Мэзкуу ирагъэблагъащ. Дауи, къэралым и къалащхьэрат щызэхуашэсыр спортми нэгъуэщІ Іэнатlэхэми къыщыхэжаныкІа щІалэгъуалэр. Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер Барбэ Виталий и деж мыгувэу зыщигъэсэн щІидзащ. АбыкІэ къыпыща хъуащ джылахъстэней щІалэм и мурадхэр зэгъэхъулІэным ерыщу телэжьынэ.

1973 гъэр Багъэтырым и спорт гъащІэм зыщІиузэщІа илъэсищ. Абы и пэкІэ и нысъуэкъуэгъэ нэхъыщхьэр куржы бэнакІуэ Доборджгенидзе Романт. Зэхьэзэхуэхэм ахэр тІэу щызэхуэзат, зэрызэ текІуэныгъэр яхьат. А илъэсым и вагъуэр къыІндащ совет бэнакІуэ гъуэзэджэ Юмин Владимир. Абы и Іэзэгъэм куэду тепсэлъыхьыт тренерхэр, Іэщ1агъэлІэр, цІыхубз хьыбарегъащІэ Іэнатlэхэр. Иужьк1э Юминым зы1эригъэхьащ спортсменыр зыщІэхъуэпс лъагалІэ псори: дуней псом и чемпион тхуэнейрэ хъуащ, Монреаль щІы Олимп Джэгуэхэм щытекІуащ. Абы зэреджэр «бэнэкІэ хуитым и профессор». Пэж дыдэуи, а спорт лІэужьыгъуэм и щэху псори ищІэу къыпщыхьрат.

Зыгъэсэныгъэхэр щекІуэкІа лъэхъэнэм хъыжьк Кубинин Вячеслав уІэгъэ щыхъум, гупыр икІуэтыну унафэ ищІащ, езыр мафІэ зыщІадза танкым итІысхьэри, къебгъэрыкІуэ щІэпхъаджащІэхэм топышэр ятригъэлъэлъащ.

Кубининым етІуанэу абдеж уІэгъэ хьэлъэ щыхъуащ икІи зимыщІэжу ар яубыдащ. Гъэрхэр щыізэпхаши, щІэпхъаджащІэхэм лейтенант нэхъыжь Кубинин Вячеслав и хьэдэр къратыжащ.

Лыгъэ кьигъэльагъэуэ, псэемыблэжу и кьалэныр зэригъэззщІам папщІэ абы хуагъэфэщащ ЛІыхъужьыгъэм и орденыр.

Урысей гвардием и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Исхьэкъ и хьэщІэщ Кулиев Къайсынрэ Щомахуэ Амырхъанрэ. *1980 гъэ*

Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

● Бэнэкіэ хуит

ТекІуэныгъэм къыхалъхуа Багъэтыр Леонид

Фашист Германием и къалащхьэ Берлин советыдзэхэм къыщащта 1945 гъэм накъыгъэм (майм) и 2-м абы километр мин бжыгъэкІэ пэжыжьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Курп Ищхьэрэ къуажэ цІыкІум щыпсэу Багъэтыр Мауэ и унагъуэм щІалэ цІыкІу къралъхуащ. ГуфІэгъуэ тІуащІэм зэщІищтащ илъэсиплым нэблэгъауэ екІуэкІ зауэм игъэгулэз, гуауэ куэд къыхуэзыхьа лъэпкъыр. Леонид зыфІащa сабийр пІащэтэкъым, апхуэдэуи Іэбыдэлъэбыдэтэкъым икІи пелуан нэс зэгуэр къыхэкІыну хуэгъэфэщэгъуэйт.

ЗАУЭ нэужь зэманым зи сабиигуэр хиубыда дэтхэнэми хуэдэу, Леонид гугъу ехьу къэхъуащ. Шхынкіи, щыгъынкіи, гулъытэкІи зыхуей хуэзахэм ар ящыщакъым. Араух къыщІэкІынщ жырым хуэдэу гъащІэм щІипсыхьари.

Хуэм-хуэмурэ спортым итхьэкъупащ икІи курыт еджапІэр щалъхуа щІыпІэм къыщиуха иужькІэ, Орджоникидзе (иджы Владикавказ) кьалэм дэт Осетие Ищхьэрэ къэрал университетым физическэ гъэсэныгъэмкІэ и факультетым щІэтІысхьащ. Абы Іэмал щигъуэтащ остетинхэми хуабжьу фІыуэ ялъагъу икІи екъуІэныгъэ инхэр щІэлъ бэнэкІэ хуитым зыщІыхьуигъэІэзэну. Мыщхьэх къудеймэ, егъэджакІуэ телъыджэхэр и гъунэжт.

Багъэтырым и насып къикІри, пэщІэхуащ Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер Суменов Кармен. А гъэсакІуэ гъуэзэджэм и цІэр фІыкІэ Іуат икІи игъэхъэзырыну хуэзфІэкІат СССР-м спортымкІэ и мастер, зэхьэзэхуэ куэдым щытекІуа бэнэкІуэ лъэрыгъэхьэхэр. Зэрелъэзэрыт, псалъэзу щымыт адыгэ щІалэм тренер губзыгъэм дильэгъуащ зэфІэкІ лъагэ зэриІэр. Ар къызыкъуихыфІ папщІэ щхьэкъыдэІэт имыщІэу зигъэсэн хуейт. Пэжныгъэмрэ гугъуехьэмрэ зэрысабийр щІапІыкІа Леонид абыкІэ къикІуэтынутэкъым.

Псом япэу къакІуэрти, зыщагъасэ пэсым иужь дыдэу щІэкІыжыт Багъэтырыр. Тренерым залымыгъэкІэ ар щыщІихужаи куэдрэ къэхуащ, ащхуэдиз гугъуехьым ирищІыкІыкІэ щыІэу. АрщхьэкІэ, бэнакІуэ щІэрыІуэ хъуну мурад зыщІа щІалэр къызыгъэкІуэтын щІэзтэкъым. Уеблэмэ общежитым щиІэ пэшыр зыгъэсапІэ ищІат. Абы щІэлът и узынщагъэмрэ къаурмрэ зезыгъэужь Іэмэпсымэ куэд икІи аужр увыІэгъуэ имыІэу къигъэсэбэпырт. Апхуэдэу щыт пэтми, фЫ дыдэу ежьэну хуэзфІэкІырт.

А гугъуехь, ерыщагъ псори пщІэнэшу кІуэдакъым. «Буревестник» ДСО-м и Совет Нэхъыщхьэм Пензэ щригъэкІуэкІа чемпионатым Багъэтыр Леонид къыщыхэжаныкІащ икІи СССР-м спортымкІэ и мастерым и мардзкэр япэу щигъэзэщІащ. БэнэкІэ хуитымкІэ килограмм 57-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм домбеякъ медалыр абы щыгъуэм къихьащ. Ар и япэ ехъулІэныгъэ инт.

Осетие Ищхьэрэ къэрал университетым физическэ гъэсэныгъэмкІэ и факультетыр къиуха иужькІэ, Багъэтырыр Мэзкуу ирагъэблагъащ. Дауи, къэралым и къалащхьэрат щызэхуашэсыр спортми нэгъуэщІ Іэнатlэхэми къыщыхэжаныкІа щІалэгъуалэр. Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер Барбэ Виталий и деж мыгувэу зыщигъэсэн щІидзащ. АбыкІэ къыпыща хъуащ джылахъстэней щІалэм и мурадхэр зэгъэхъулІэным ерыщу телэжьынэ.

1973 гъэр Багъэтырым и спорт гъащІэм зыщІиузэщІа илъэсищ. Абы и пэкІэ и нысъуэкъуэгъэ нэхъыщхьэр куржы бэнакІуэ Доборджгенидзе Романт. Зэхьэзэхуэхэм ахэр тІэу щызэхуэзат, зэрызэ текІуэныгъэр яхьат. А илъэсым и вагъуэр къыІндащ совет бэнакІуэ гъуэзэджэ Юмин Владимир. Абы и Іэзэгъэм куэду тепсэлъыхьыт тренерхэр, Іэщ1агъэлІэр, цІыхубз хьыбарегъащІэ Іэнатlэхэр. Иужькіэ Юминым зыІэригъэхьащ спортсменыр зыщІэхъуэпс лъагалІэ псори: дуней псом и чемпион тхуэнейрэ хъуащ, Монреаль щІы Олимп Джэгуэхэм щытекІуащ. Абы зэреджэр «бэнэкІэ хуитым и профессор». Пэж дыдэуи, а спорт лІэужьыгъуэм и щэху псори ищІэу къыщыпщІыхьат.

Зыгъэсэныгъэхэр щекІуэкІа лъэхъэнэм тхьэмахуэ къэс зэ тренерхэм зрагъэбэныр зи хьэлъагъэр зэхуэдэхэр, хэт нэхъ лъащІи яубзыхуу, утыку хърагъэхьэнур ящІэн папщІэ. Багъэтырымрэ Юминымрэ я зэпэщІэтыныгъэр щэнёрэ зэрытемыгъэкІуаУ иухащ. Абы щыгъуэми иужьым нэхъ жьыджэрар ди лъахэгъурат. Апхуэдэу щыхъум, тренер советым унафэ ищІащ тІури зэхьэзэхуэм хагъэхьэну.

БэнакІуэ тІощІым щигъу кърихьэлат километрым 57-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм. Аргуэрыжьти, я хьэрхуэрэгъу псоми ефІэкІри, финалым щызэхуэзащ Юмин Владимиррэ Багъэтыр Леонидрэ.

Леонид и бэнэкІэм СССР-м и тренерхэр апхуэдизу дихьэхати, гупым ар ирагъэблагъащ. Апхуэдэу, адыгэ щІалэм, Совет Союзым и чемпионатым и дыжьын медалышхуэм дэщІыгъуу, 1973 гъэм лъагъуэ щыгъхишащ дунейпсо зэхьэзэхуэ инхэм. А Іэмалыр къыратащ къэралым и гуп къыхэхам зэрыхагъэхьам.

ХуэнасыпыфІащ Багъэтырым къыкІэлъыкІуа 1974 гъэри. Мэзкуу и командэ къыхэхам дэщІыгъуу Венгриеми и къалащхьэ Будапешт дунейпсо зэхьэзэхуэ иным щытекІуащ.

Иужькіи зэхьэзэхуэ ин зыбжанэм джылахъстэней щІалэр щытекІуащ. Ауэ мыхьэнэ нэхъ ин дыдэ зиІар Лас-Пальмас щыІаращ. Канар хытыгъэм хиубыдэ Испаниеми и щІыпІэ дахэхэм ящыщ зым щызэнэкъыхэкъуащ Дунейпсо кубокыр зыхуэфащэр зэхагъэкІын папщІэ. Совет Союзым и бэнакІуэхэм къищынэмыщІауэ, зэхьэзэхуэм къырихьэлат Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Болгариеми, Ираниеми, нэгъуэщІ къэралхэм я спортсменхэх пщыгъ дыдэхэр.

Болгариеми и цІэкІэ килограмм 57-м нэс зи хьэлъагъэхэм я деж щыбанэрт Европэм и вице-чемпион Лютвиев Стефан. Ар хуабжьу жыджэрт, Іэзэт, къикІуэт зымыщІэт. ПхъэидзэмкІикІат зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ дыдэм Багъэтырыр Лютвиевым ебэныну. Абы ди лъахэгъур дахэу щытекІуащ.

КъызэщІэплъа Багъэтырым адэкІэ къыпэплъэщІ щыІэжтэкъым. США-м щыщ Стиворд, Ирамрэ къикІа Салеманиеми сымэ яхэту къыпэщІэуха псори хигъащІэри, Дунейпсо кубокыр зыІэригъэхьащ. Апхуэдэ зыхуэзэрІакІа абы итмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъуэщІ зыри щыІакъым. Ар япэт, ауэ иужьтэкъым. Багъэтыр Леонид пхиша лъагъуэ дахэм ирикІуащ адыгэ бэнакІуэ зыбжанэ, Олимп чемпионхэмрэ дуней псом щытекІуахэмрэ яхэту.

СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер Багъэтыр Леонид бэнэныр щигъэта ихьэжьауэ и командэ хьэкъхэр илъэс зыбжанэкІэ игъэсащ. ИтІанэ щылажьащ «Спартак» ДСО-м и Урысей Советым Мэзкуу щиІэ хэщІапІэм. БэнэкІэ хуитым и тхыдэм ар къыхэнащ текІуэныгъэ кьабзэхэм хуэІэзэу, гъащІэми зэхьэзэхуэр щекІуэкІ алэрыбгъуми щыщапхъэу.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

ЛІыхъужь нэст

● Фэепль

Илъэс 25-рэ и пэкІэ Щэшэн Республикэм и къалэн щигъэзащІэу хэкІуэда лейтенант нэхъыжь Кубинин Вячеслав и цІэр хатхащ Урысей гвардием Звёздный къуажэм щиІэ и дзэ частым хэтхэм я цІэунэцІэр зэрытым.

1995 ГЪЭМ мэлыжьыхьым и 18-м Бамут къуажэм зыщІэзыгъэбзащ. Ар ящІащ. Ар ящІащ. Ар ящІ